УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№23 (13690)

2022 гъэ, гъатхэпэм (мартым) и 31, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Лъэпкъ проектхэр

## Лэжьыгъэм пащэнущ



КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид хэгъуэгум и Правительствэм хэтхэм зэIущIэ ядригъэкIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ лъэпкъ проектхэр хэгъуэгум щыпхыгъэкIыным.

«Нобэ тегъэчынауэ жытIэфынущ хамэ къэралхэм урысей экономикэм и лъэр щIаудынымкIэ, ди къэралым и зыужьыныгъэм лъакъуэщIэдз зыхуащIынымкIэ я мурадхэр къазэрыдэмыхъунур. УФ-м и Правительствэм унафэ зыбжанэ къиихьащ къэралым щыпсэухэм, экономикэм и къудамэхэм, хыхьэхэкI цIыкIумрэ ику итымрэ защIэгъэкъуэным теухуауэ. Абы ипкъ иткIэрэ, лъэпкъ проектхэр дгъэлэжьэным гулъытэ хэха хуэтщIын хуейщ, сыту жыпIэмэ ахэр цIыхубэм и псэукIэр едгъэфIэкIуэным и лъабжьэщ. Проектхэр пхыгъэкIынымкIэ дэтхэнэми жэуаплыгъэ дохь икIи ди къару псори етхьэлIэн хуейщ абыхэм къыпэкIуэныгъэфI яIэным», — Телеграм каналым щиIэ напэкIуэцIым щитхащ Темрезов Рэшид.

ЗэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ мы гъэм хуагъэнэIуа къалэнхэр зэрызэфIахыну Iэмалхэм. Апхуэдэу, «Безопасные и качественные дороги» лъэпкъ проектым ипкъ иту мы гъэм республикэм гъуэгу километр 40-м щелэжьынущ.

«Формирование комфортной городской среды» программэм ипкъ иткIэрэ, пщIантIэ 50-м, цIыхухэр куэду щызэхуэс щIыпIэ 13-м елэжьынущ. Карачаевск къалэм деж «ХытIыгу ЩхъуантIэ» паркыр щызэрагъэзэхуэнущ. «Чистая вода» проектыр и лъабжьэу, Къэрэшей, Хьэбэз, Абазэ, Адыгэ-Хьэблэ, Нэгъуей районхэм псыр къабзэу, пэрыхьэту яIэрыхьэн папщIэ, ухуэныгъэ зэхуэмыдэхэр щрагъэкIуэкIынущ. «Тебэрды-Домбай» ТРК-р псыкIэ тыншу къызэрагъэпэщынущ.

«Образование» лъэпкъ проектым тету Учкекен деж еджакIуэ 960-м ятегъэпсыхьа еджапIэшхуэ щаухуэнущ.

«Спорт — норма жизни» проектым и фIыщIэкIэ, зыпсыхьыпIэ IуэхущIапIиплI ящIынущ.

Усть-Жэгуэтэ деж мы гъэм хьэзыр хъунущ «Демографие» лъэпкъ проектым тету яухуэ сабий IыгъыпIэр.

«Культура» лъэпкъ проектыр и лъабжьэу IуэхущIапIиплI мы гъэм зэрагъэзэхуэжынущ: Черкесск къалэм, Псыжь жылагъуэм — гъуазджэхэмкIэ сабий еджапIэр, Зеленчук, Усть-Жэгуэтэ — щэнхабзэмкIэ Унэхэр. Марыхъу, Домбай, Первомайскэ, Ботэщей — щэнхабзэмкIэ Унэхэр щаухуэнущ.

«Модернизация первичного звена здравоохранения» программэм тету медицинэ IуэхущIапIитхум елэжьынущ. Апхуэдэу, Ипщэ Учкулан къуажэм ФАП дащIыхьынущ, амбулаторэщIэхэр дагъэувэнущ Преграднэрэ Октябрьскэрэ, Мало-Къэршей район сымаджэщым, Тебэрды сымаджэщым я поликлиникэхэр зэрагъэзэхуэжынущ.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

Щыгъуэ пэкIум къикIыу

**Гъатхэпэм (мартым) и 26-м республикэ жылагъуэм ягу къагъэкIыжащ Къэрэшей-Черкесым и япэ лIыщхьэ, къэрал, бэдауш IуэхущIакIуэшхуэ Хубиев Владимир Ислъам и къуэр псэужамэ, илъэс 90 зэрырикъун хуеяр.**

**Фигу къэдгъэкIыжынщи, Хубиев Владимир и ныбжьыр илъэс 72-м иту 2004 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 17-м дунейм ехыжауэ щытащ.**

## Фэеплъ гукъэкIыжхэр

IуэхугъуэмкъэкIуэлIащ республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид, УФ-м и Федеральнэ ЗэIущIэм и сенатор Къэзэнокъуэ Кърым, КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ Иванов Александр, Правительствэм и лIыщхьэ Аргун Мурат, хэгъуэгум и депутатхэр, динырылажьэхэр, жылагъуэ организацэхэм я лIыкIуэхэр, Iыхьлыхэр, Хубиев Владимир и ныбжьэгъуахэр, лэжьэгъуахэр.

Ищхъэрэ Кавказым и муслъымэнхэм я Духовнэ Управленэм и тхьэмадэ Бердиев хьэжы Исмэхьил щыгъуэ пэкIур иригъэжьащ дунейм темытыжым и псэр тыншыным папщIэ дыуэ яригъэщIкIэрэ. Иужьым, фэеплъ зэIущIэм къекIуэлIахэм захуигъэзащ Темрезов Рэшид икIи Урысейм щыщ щхьэхуит республикэу Къэрэшей-Черкесыр зэфIэувэным, абы и Конституцэр къэгъэщIыным Хубиев Владимир хуищIа хэлъхьэныгъэ иныр къыхигъэщащ.

— Хубиев Владимир Ислъам и къуэр Къэрэшей-Черкесым и лIыщхьэу, РСФСР-м и Ищхьэ Советым и депутату щыткIэрэ, республикэм къэралыгъуэщIэ щыгъэувыным лъабжьэшхуэ хуигъэтIылъащ. 1990 гъэхэм, къэралыр щытыкIэ хьэлъэ щитам, хэгъуэгум деж сату экономикэщIэм зыщиужьыным гуащIэшхуэ хилъхьащ. Нэхъыщхьэр аращи, щIыхь хэлъу пхыкIащ сыт хуэдэ щытыкIэ хьэлъэми.




↪2



Политикэ

**Къэрэшей-Черкес Республикэм лэжьыгъэ IуэхукIэ къеблэгъащ «Новые люди» политикэ партым и тхьэмадэм и къуэдзэ Даванков Александр. ЗэIущIэ Iуэхухэр зэфIэкIа нэужь, Даванковыр республикэм и СМИ-хэм я журналистхэм яIущIэри, я упщIэхэм жэуап иритащ.**

## ПартыщIэ-гупсысэкIэщIэ




**— «Новые люди» партыр дауэрэ къэвгъэщIа?**

— Ди партыр нэхъ ныбжьыщIэ дыдэхэм ящыщщ, илъэситI дыхъуа къудейщ. Ауэ а илъэситIым кърихубыдэу Парламентым дыхыхьэн тхузэфIэкIащ.

«Новые люди» фIэщыгъэцIэр нокIуэкIэ къыхэтхакъым. ХьэкъыпIэкIэ, политикэм цIыхущIэхэр щылэжьэн, гупсысэщIэхэр къыщыхэлъхьэн хуей зэрыхъурэ куэд щIащ. ФIэщыгъэцIэм къызэриIуатэщи, политикэм щIэр, щIэщыгъуэр, сэбэп нэхъыбэ къэзыхьынур хэтлъхьэнущ, цIыхущIэхэр къытхыхьэнуи догугъэ.

**— ХэткIи зэрынэрылъагъущи, хэгъуэгухэм щыщыIэ лъэпощхьэпохэр зэрызэфIахын финанскIи, хабзэ хуитыныгъэкIи Iэслъэсщ. АтIэ, ахъшэ щымыIэмэ, ауэ лъэпощхьэпохэр куэдмэ, фэ абы и лъэныкъуэкIэ дауэрэ фыкъытщхьэпэфыну?**

— Пэжщ, зэфIэтхын хуей къалэнхэр куэдщ, ауэ псоми ахъшэкIэ дапэлъэщкъым. Къэрэшей-Черкесым и къалащхьэ Черкесск къапщтэмэ, рейтингхэмкIэ кIэкъинэу пхужыIэнукъым. Къытхуэув къалэнхэм дазэрыпэлъэщыфыну кIуэрабгъуитIщ щыIэр. Япэрауэ — нэхъыбэ къэлэжьын. ЕтIуанэр иджыпсту дызытелажьэ лъэныкъуэращ — хэгъуэгухэм зэхуэдэу федеральнэ дэIэпыкъуныгъэр ялъыгъэсынращ. Шэч хэлъкъым, лэжьапIэ IэнатIэхэр нэхъыбэу къызэгъэпэщын хуейщ, цIыхухэр, щIалэгъуалэр нэгъуэщI къалэхэм, хэгъуэгухэм мыIэпхъуэн, хэкIыпIэ къыщамылъыхъуэн папщIэ. Фи хэгъуэгум ехьэлIауэ жыпIэмэ, «внутренний туризм»-р къывэхьэлIа дыдэщ. ЛъэкIыныгъэу фиIэр гъунэншэщ икIи а лъэныкъуэм тегъэчынауэ телэжьэн хуейщ.

**— ЖыпIам пытщэу: «Новые люди» партым и депутат Тарбаев Сангаджи Къэрал Думэм хэтщ икIи абы и зы къудамэм — туризмэм и пашэщ. Апхуэдэ щытыкIэм и фIыщIэкIэ, туризм зыужьыныгъэм и лъэныкъуэкIэ къыхэлъхьэныгъэ гуэрхэр фщIыну къыщIэкIынщ?**

— Туризмэм зегъэужьыныр ди лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм, нэхъ пажэхэм ящыщщ. Хьэкълыкъ хуэгъэкIуэтэныгъэ, турист, сабий кешбэк, нэгъуэщI IэмалыщIэ куэд къыхуэдгъэсэбэпынущ туризм инфраструктурэм и зыужьыныгъэм. Ди партым къыбгъэдэкIыу Къэрал Думэм хэт Тарбаев Сангаджи къыхэлъхьэныгъэ зыбжанэ Думэм щищIагъэххэщ икIи абыхэм арэзыныгъэ ягъуэтащ. Нэхъыщхьэр, щIыпIэхэм, хэгъуэгухэм деж ахэр ящтэу ягъэлэжьэнращ.

**— Къэрал Думэм фи партым къыбгъэдэкIыу депутат дапщэ хэт?**

— Нэрыбгэ 15 хэтщ. Ар мащIэщ икIи дэтхэнэми лэжьыгъэшхуэ къылъос. ДяпэкIэ нэхъыбэж, нэхъыфIыжу дылэжьэныр къалэн къытхуещI иджы дызэрыува щытыкIэм, дунейм къыщекIуэкI хьэлэбэлыкъхэм.

**— «Новые люди» фIэщыгъэцIэм сыт и купщIэр?**

— Политикэм дыхыхьагъащIэу щыткIэрэ, си лэжьэгъухэр къыхузоджэ зэтеубыдэныгъэм, акъыл узыншэм, гупсысэ гъэтIысам. Ди унэтIыныгъэр псоми деныкъуэкъун, дапэщIэувэнракъым, атIэ ди еплъыкIэщIэ, ди гупсысэкIэ къыхэтлъхьэн, Iуэхум и зэфIэхыкIэ Iэмалхэр дгъэлъэгъуэнращ.

**— Украинэм щекIуэкI спецоперацэм и гугъу дымыщIу хъункъым. Уэ абы сыт хуэдэ еплъыкIэ хууиIэ?**

— Хьэлъэщ, гукъутэщ Украинэм къыщыхъур. Ауэ ар къохъу. КъэмыхъуаIа зытщIу дыщыскIэ сэбэп къихьынукъым. Ар къыдгурыIуэу, дызэрыува щытыкIэхэм зытедгъэпсыхьу, адэкIэ дызэрыпсэуным, зэрызыдужьыным дыхущIэкъун хуейщ.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ.**
**Сурэтыр ТУАРШЫ Беслъэн трихащ**

Щэнхабзэ

## «Донбасс» ансамблыр ди хьэщIащ

**Къэрэшей-Черкесым щыхьэщIащ уэрэдымрэ къафэмрэкIэ щIыхь зиIэ «Донбасс» къэрал академическэ ансамблыр.**

Иджыблагъэ, Черкесск къалэм къеблэгъа творческэ гупымрэ Къэрэшей-Черкесым къафэмкIэ и «Эльбрус» къэрал ансамблымрэ зэгъусэу концерт ятащ.

Ди хэгъуэгум и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид къыбгъэдэкIыу, КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Бугаев Дмитрий хьэщIэ лъапIэхэм фIэхъус ярихащ икIи ФIыщIэ тхылъ Iэригъыхьэжащ ансамблым и художественнэ унафэщI Горячевэ Ольгэ.

«ДэркIэ щIыхьщ Донецк ЦIыхубэ Республикэм щыщ артистхэр ди деж дгъэхьэщIэныр, сыту жыпIэмэ, КъЧР-ми, Урысей къэралыгъуэми фэ фрихамэкъым. Дэ дызэзышалIэр ди лъэпкъхэм яку дэлъ щэнхабзэ щIэин щэджащэмрэ тхыдэ къулеймрэ я закъуэкъым, е хабзэу къыддекIуэкI хьэщIэ лъапIагъэ къудейракъым. АтIэ, дэ дызэкъуегъэувэ хуитыныгъэм щIэбэныным, ди сабийхэр гъащIэ мамыр дахэм хэдгъэпсэукIыну, уафэ къащхъуэм дыщIэту дылэжьэну лъэкIыныгъэ диIэным, лъэпкъ зэхэгъэж здэщымыIэ дунейм дыщыпсэуну дызэрыхуейм! Тхьэм игъэпсэу ди нобэрей хьэщIэхэм щIэщыгъуэу дагъэлъэгъуамрэ ди гукъыдэжыр къызэраIэтамрэ папщIэ! НэIурыт тхуэхъуащ я лэжьыгъэм зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр, зэрыхуэIэпщIэлъапщIэр. Нобэ фэ факъуэтщ мамыр гъащIэр ди цIыхухэм къахуэлъэщыныр зи къалэн пажэу Донецк, Луганск ЦIыхубэ Республикэхэм щыIэ урысей къулыкъущIэхэм. А щIалэхэм лIыхъужьыгъэ яхэлъу, псэемыблэжу Хэкум и хьэлэмэтхэр яхъумэ.

Си фIэщ мэхъу пэжыр псоми зэрытекIуэнур, ди къэралыгъуэм и лъэщагъым аргуэру зэрыдунейуэ щыхьэт зэрытехъуэнур!» — Телеграм каналым щетх Темрезов Рэшид.

**Ди корр.**



Егъэджэныгъэ

## «Земский учитель» программэ

Урысейм и Президентым и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэща, 2020 гъэм и щIышылэ мазэм къыщыщIэдзауэ лажьэ «Земский учитель» программэр Къэрэшей-Черкесым ноби щагъэзащIэ. Мэлыжьыхьым и 15-м нэгъунэ абы егъэджакIуэхэр хыхьэну лъэкIыныгъэ щыIэщ.

Къэрэшей-Черкесым а программэр зэрыщагъэзащIэм зыщывгъэгъуэзэфынущ КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и Министерствэм и сайтым деж, «Программа «Земский учитель» Iыхьэр къыхэфхмэ.

Ди республикэм, Урысейм и хэгъуэгухэм щыпсэухэр «Земский учитель» программэм зэхьэзэхуэ IэмалкIэ къыхахынущи хагъыхьэнущ. Дауэдапщэхэм хэтынукъым дэфтэрым иритхамрэ нобэкIэ здэпсэу щIыпIэмрэ зэтехуэу къэзыгъэлъагъуэ егъэджакIуэхэр, ар щытыпхъэщ и унэми, лэжьапIэми километри 10-кIэ пэжыжьэу.

Зэ тыгъуэу зэрыхуапшыныж ахъшэ зылъыса егъэджакIуэхэр илъэситхукIэ лэжьэнущ я гуащIэдэкI зэгурыIуэныгъэм къызэригъэувым тещIыхьауэ. ПIалъэм нэмысауэ егъэджакIуэм зэгурыIуэныгъэр къигъэувыIэмэ, кърата ахъшэр зы къэмынэу ирагъэпшыныжынущ.

**ЛЫХЬ Тимур**

Росстат

## ГъащIэ кIыхьхэр

Росстатым къызэритымкIэ, гъащIэ кIыхь хъуа нэхъыжьыфIхэр зи куэд хэгъуэгуитхум ящыщ зы хъуащ Къэрэшей-Черкесыр. КъинэмыщIауэ, апхуэдэ хэгъуэгущ Дагъыстаныр, Москва къалэр, КъБР-р, илъэс етIуанэ хъуауэ бжьыпэр зыIыгъ Ингуш Республикэр.

Росстатым къызэрилъытамкIэ, 2021 гъэм Урысейм деж ику иту цIыху гъащIэр илъэс 70,06-рэ хъуащ.

Илъэс кIуами хуэдэу, нэхъ гъащIэ кIыхьхэр здыщыпсэур Ищхъэрэ Кавказ хэгъуэгум и республикэхэращ. ЦIыху гъащIэр нэхъ здэкIэщIу къалъытащ КъуэкIыпIэ Жыжьэ федеральнэ хэгъуэгур.

**Зыгъэхьэзырар ТУАРШЫ Ирэщ**

Сату

**«Честный знак» нагъыщэр тедзауэ Урысейм деж псы къабзэ щизыкIэ хэгъуэгу нэхъыфIипщIым Къэрэшей-Черкесыр яхэхуащ. НобэкIэ ар щытщ еянэ сатырым.**

## НэхъыфIипщIым

Ди республикэм компанэ 53-рэ щолажьэ, абыхэм ящыщу 21-м къыщIагъэкI упаковкэм илъ псы бащырбэ, яхэтщ хамэ къэралхэм я продукцэ къэзышэхэри, оптово-розницэ уасэхэмкIэ сату зыщIэ компанэхэри.

Къыхэдгъэщынщи, Урысейм деж жыджэру щыщIаплъыкI ерыскъыхэкIхэм я фIагъыр зыхуэдэр икIи ахэр къыщIэзыгъэкIхэр зэхагъэкI. Апхуэдэщ псы къабзэ щэнымкIэ бэзэрым и Iуэху зыIутыр.

Продукцэ нэпцI къемыжьэн, цIыхухэр абы щахъумэн папщIэ, гъатхэпэм (мартым) и 1-м щегъэжьауэ псы упаковкэм итхэр изыкIэхэм программэ хуагъэуващ я продукцэхэм я фIагъыр Iэмал имыIэу нагъыщэ тегъэуакIэ щIагъэбыдэн хуейуэ. Ар щхьэпэнущ производителхэм зэныкъуэкъуныгъэ хьэрэмыгъэншэ яку дэлъ щIыным, икIи нэгъэсауэ къэрал нэIэ игъуэтынущ щIыуэпс хэкIыпIэу псоми къэдгъэсэбэп псы къабзэм, нэхъыщхьэращи — ар къэзыщэхухэм чэнджэщ къамыхьу псыфI зыIэрагъыхьэфынущ.

НэгъуэщI ерыскъыхэкIхэм «Честный знак» цифровой маркировкэр традзэн зэрырагъэжьам къыдигъэлъэгъуащ къыдагъэкI продукцэхэр хьэлэл-мыхьэлэлми, сыт хуэдэ предприятэхэр сату хабзэм темыту лажьэми, икIи продукцэр зэращI щIыкIэмрэ къызыхахымрэ, ар къыщIэзыгъэкIым, здашэ тучаным дыкIэлъыплъыну лъэкIыныгъэ къыдитащ.

**Ди корр.**

**ОПЕРАТИВНЭ ШТАБЫМ КЪЕТ: COVID-19**

**Гъатхэпэм (мартым) и 30-м ехъулIэу:**

**21**-м уз зэрыцIалэр къайуэлIащ

**979**-рэ дунейм ехыжащ

**45245**-рэ сымаджэхэм я бжыгъэщ

**44164**-рэ хъужащ

**59**-рэ сымаджэщхэм щIэлъщ

ПщІэ льагэ

# Лъэпкъ уэгум вагъуэщІэхэр щыхэзыгъанэ

Зи гъащІэр лъэпкъ Іуэхум пыщІа, ди лэжьэгъу нэхъыжь ХьэфІыцІэ Мухьэмэд и тхыгъэхэм ящыщ зым и щхьэщІэдзапІэщ «ХамэщІым вагъуэхэр щоужьых» жэуэ. Образнэу, дахэ дыдэу жыІащ, ауэ сэ абы тезгъэІукІыу мыпхуэдэу стхынт: «Лъэпкъ уэгум вагъуэщІэхэр къыщоунэху». Шэч къытесхьэкъым адыгэ хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ я лъэпкъ уэгур хьэкъыпІэкІэ зыуэ зэрыщытым, икІи абы вагъуэщІэхэр къызэрыщыунэхум. АбыкІэ нэхъапэу икІи нэхъыщхьэу фІыщІэ зыбгъэдэлъыр Къэбэрдей-Балъкъэрми, Ищхъэрэ Кавказми, зэрыадыгэ дунейуи къыщацІыху, публицист, критик, литературэдж, Урысей Федерацэм и тхакІуэхэмрэ журналистхэмрэ я Союзхэм хэт, Урысей Федерацэм и щэнхабзэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Къэбэрдей–Балъкъэрми, Къэрэшей-Черкесми, Адыгэ Республикэми щІыхь зиІэ я журналист ХьэфІыцІэ Мухьэмэдщ.

Абы хамэ къэралхэм щызэбгрыдза адыгэхэм я деж кІуэ гъуэгур япэу хиша къудейкъым, атІэ лъэпкъыр зэрегъэубыдыж, абы и къэкІуэнум зиузэщІыным хуолажьэ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, лъэпкъ уэгум вагъуэщІэхэр щыхегъанэ.



ХьэфІыцІэ Мухьэмэд 1946 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 30-м къыщыхъуащ Къэбэрдей АССР-м хыхьэ Зеикъуэ къуажэм. 1970 гъэм къиухащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и къэбэрдей-урыс къудамэр. Щытащ «Университетская жизнь» газетымрэ «Точка зрения» журналымрэ я редактор нэхъыщхьэу, «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм я жэуап зыхь секретару, республикэ газет-журнал тхылътедзапІэм и унафэщІу.

1997 гъэм щегъэжьауэ 2021 гъэм пщІондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентымрэ Правительствэмрэ я «Адыгэ псалъэ» республикэ газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьащ. Иужьрей илъэс 16-м унафэ хуещІ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ организацэм.

2009 гъэм и жэпуэгъуэ лъандэрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ вице-президентщ, 2006 гъэм щегъэжьауэ щІэныгъэхэм я Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президентщ.

Адыгэ лъэпкъым и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэным теухуа тхылъ куэд дыдэ къыдигъэкІащ: «Моя надежда – моя ладья» (1982), «Звезды на небе и на земле» (1984), «Вся жизнь на виду» (1988), «Адыгские мамлюки» (1994), «Разбросаны адыги по белому свету» (2000), «Черкесы в Израиле» (2000), «Наследие» (2004), «День Победы» (2005), «Звезды бледнеют на чужбине» (2006), «МЧА: три года испытаний» (2015).

Абы зэхигъэуващ «Юрий Темирканов», «Синие горы Кавказа», «Одна судьба – одна дорога», «Человечество уцелело, потому что смеялось», «Истины», «Кавказские повести», «Точка отсчета», «Всадник чести», «Кабардино-Балкария: к России, с Россией, в России», «Инна Кашежева: Кавказ надо мною» тхыгъэ зэхуэхьэсахэр зэрыт тхылъхэр (сборникхэр), нэгъуэщІхэри. А тхылъхэм жылагъуэ пщІэшхуэ ягъуэтащ, ахэр щІэблэр хэкупсэ-лъэпкъыпсэу гъэсэнымкІэ программэ тхылъ хъуащ.

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд куэд щІащ адыгэ мухьэжырхэмрэ мамлюкхэмрэ я тхыдэм зэрыдихьэхрэ. Абы теухуащ Москва, Санкт-Петербург, Ищхъэрэ Кавказым, КъуэкІыпІэ Гъунэгъум, Тыркум, Германием, Франджым, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я газетхэм, журналхэм, щІэныгъэ сборникхэм щытрадза публицистикэ къэхутэныгъэ куэдыр.

Журналист икІи тхакІуэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд и лэжьыгъэхэм яхуэфащэ пщІэ къалъысащ. Ар я лауреатщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и журналистхэм я Союзым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм печатымкІэ и Министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм я саугъэтхэм.

Къыхуагъэфэщащ мамырыгъэм и Урысей фондым и Дыщэ медаль, имам Щэмил и цІэр зезыхьэ Къэралыбэ фондым и мамырыгъэ медаль ин. Адыгэ щэнхабзэм и зыужьыныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэ инымрэ адыгэ хэхэсхэм пыщІэныгъэр зэрадиІыгъымрэ къыпэкІуэу къратащ Къэралыбэ Адыгэ фондым и «Отличие» саугъэтыр.

Оклахомэ штатым хыхьэ Стиллуотер америкэ къалэм щІыхь зиІэ и гражданинщ. Хэтщ ЩІэныгъэхэм я Адыгэ Академием, щІэныгъэхэмрэ гъуазджэхэмрэ я Петровскэ академием, творчествэм и Къэралыбэ Академием, Урысей географическэ жылагъуэм. Зэрехьэ «Честь и слава» абхъаз орденыр.

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд лъэныкъуэ куэд къызэщІэзыубыдэ и творческэ лэжьыгъэм дехь жылагъуэ-политикэ Іуэхухэр. 1990-1993 гъэхэм хахащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и депутату, 1992-2002 гъэхэм щытащ Къандур къэралыбэ саугъэтхэмкІэ Комиссым и тхьэмадэу. Мамырыгъэр хъумэнымкІэ Комитетым и делегацием хэту цІыхубэ дипломату щыІащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Японием, Чынтым (Китайм). ЩІэныгъэхэм я Дунейпсо адыгэ Академием «Адыгэ энциклопедием» и институт къызэригъэпэщри, абы и унафэщІуи лэжьащ. 1995 гъэм къыщегъэжьауэ хэтащ Къэралыбэ Кавказыдж жылагъуэм, щытащ «Си бзэ — си псэ, си дуней» республикэзэпх зэпеуэм и комиссым и тхьэмадэу. Илъэс пщыкІуий хъуауэ абы и лэжьыгъэр зэхашэ, еджапІэ нэхъыфІхэр, адыгэбзэм зэхэщІыкІышхуэ зиІэ и егъэджакІуэхэр, еджагъэшхуэ, тхакІуэ, артист цІэрыІуэхэр кърагъэблагъэу.

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд хуэгъэзауэ филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Дунейпсо ЩІэныгъэ Академием и вице-президент, зи хьэдрыхэр дахэ хъун Бэчыжь Лейла мыпхуэдэу жиІат: «*Мухьэмэд емышыжу лъэпкъ тхыдэм, щІэныгъэм зэрыхуэлэжьам и фІыгъэкІэ, ди иджырей художественнэ щэнхабзэм къыхыхьэжащ адыгэ лъэпкъым къыхэкІауэ курыт лІыщІыгъуэ Мысырым (средневековый Египет), Иорданым, Щамым (Сирием) зи цІэр ину щыІуа усакІуэхэмрэ тхакІуэхэмрэ, Тыркум, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Германием, Франджым (Францием) я балет артистхэр, зауэ ІуэхущІэхэр, спортсменхэр. ХьэфІыцІэм адыгэ хэхэс элитэм и къекІуэкІыкІар зэфІигъэувэжу ди пащхьэ кърилъхьэжа къудейкъым, атІэ нэІуасэ дыхуищІащ абы и творчествэм.*

*ХьэфІыцІэ Мухьэмэд и лъыхъуакІуэ лэжьыгъэр ебгъапщэ хъунущ адыгэ эпосым и Прометейуэ щыт Сосрыкъуэ и лІыхъужьыгъэм. Сосрыкъуэ нартхэм мафІэ къахуихьамэ, Мухьэмэд зэхуихьэсыжащ дуней псом щикъухьа адыгэ щэнхабзэр ... Абы дигу къигъэкІыжащ адыгэ лъэпкъым и щхьэм пщІэ хуищІыжу, «кІапэ нэхърэ напэ» жиІэу зэрыпсэуар».*

Мухьэмэд нэІуасэ сыщыхуэхъуам, бжэкъуагъым къуэт нэхъыщІэхэм сащыщт. Ауэ абы и журналистым, лэжьэгъум, езым хуэдэ творческэ цІыхум и фэ къызиплъа мыхъумэ, нэгъуэщІ бгъэдыхьэкІэ къызипэсауэ сщІэжкъым. Мухьэмэд журналист зэчиифІэщ, тхакІуэшхуэщ, ауэ икІи гушыІэшхуэ зыхэлъ къызэрыкІуэ адыгэ щІалэжьщ. Сэ дерс къызыхэсхын куэд ХьэфІыцІэ Мухьэмэд дэслъэгъуащ, сыхигъэдэІуащ, икІи абыкІэ сыхуэарэзыщ.

Узыншэу ущыт, Мухьэмэд, лъэпкъыр иджыри куэдрэ гъэгуфІэ, гукъыдэж ущымыщІэу илъэси 100 ныбжьым Тхьэм унигъэс!

**ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ**

---



**Иджыблагъэ Федеральнэ антимонопольнэ къулыкъум и Къэрэшей-Черкес Управленэм и унафэщІым и къуэдзэ Матакаев Инус зыхэта зэІущІэ республикэм и Жылагъуэ палатэм и хэщІапІэм щекІуэкІащ. Абы кърагъэблэгъащ Къэрэшей-Черкесым и Правительствэм, Министерствэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, организацэхэм къабгъэдэкІа лІыкІуэхэр.**

ЩІэплъыкІыныгъэ

# Уасэхэр дэмыгъэкІуеиным

Іэнэ хъурей гъэпсыкІэм тету екІуэкІа зэпсэлъэныгъэм упщІэ нэхъыщхьэу къыщаІэтахэм ящыщщ социальнэ мыхьэнэ зиІэ хьэпшыпхэм я уасэхэмрэ, республикэм деж хыхьэхэкІым зэрадэІэпыкъуфыну Іэмалхэмрэ.

— Антимонопольнэ къулыкъум и икІэрей къэпщытэжыныгъэхэм ипэ къихуэу нобэ тхужыІэнур зыщ: социальнэ мыхьэнэ зиІэ шхыныгъуэхэмрэ хьэпшыпхэмрэкІэ республикэм щыпсэухэр къызэгъэпэщащ. АбыкІэ щыщІэныгъэ щыІэкъым.

Уасэхэм укъытеувыІэмэ, махуэ къэс сетевой тучанхэмрэ бэзэрхэмрэ щІэплъыкІыныгъэхэр щыдогъэкІуэкІ. НобэкІэ къытІэрыхьа къэпщытэжыныгъэхэм япкъ иту, уасэхэр дэгъэкІуеинымкІэ хабзэкъутэныгъэ щымыІэу къэтлъытащ. Къызэращэху (закупочная) уасэр зэрыдэкІуеям къыхэкІкІэ, потребителым къыІэрыхьэ хьэпшыпыр нэхъ лъапІэу къыхуокІуэ. Мыбдеж къыхэзгъэщыну сыхуейщ зы щытыкІэ. Антимонопольнэ къулыкъум и пщэрылъхэм хыхьэр уасэхэр дэгъэкІуеиным зэгурыІуэныгъэ хэлъу, е сату Іуэхум хэтхэм "конкурент" щытыкІэкІэ зэгурыІуэу уасэхэр зэрахъуэкІмэ, ар къыщІагъэщу, абы пэщІэтынращ. Ди хэгъуэгум деж апхуэдэ хабзэкъутэныгъэ къыщыщІэдгъэщакъым, — къыхигъэщащ Матакаев Инус.

Федеральнэ антимонопольнэ къулыкъум и хэгъуэгу Управленэм и лэжьакІуэхэм щІаплъыкІ зэпыт сату предприятэхэр, тучанхэр, бэзэрхэр. Нэхъ тегъэчынауэ кІэлъоплъ фошыгъум тралъхьэ уасэр хамыгъэхъуэным.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъахэм къыхагъэщащ республикэр нобэ зыпэщІэт лъэпощхьэпо зэхуэмыдэхэр, хьэпшыпыр къыдэзыгъэкІым уасэр дримыгъэкІуея пэтми, потребителым ар куэдкІэ нэхъ лъапІэу къызэрыІэрыхьэр. Апхуэдэщ, республикэм къыщыкІ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкІхэмрэ я уасэр тхьэмахуэм кърихубыдэу зэрыдэкІуеяри. Къыхагъэщащ, абы и зы щхьэусыгъуэ хуэхъур цІыхум ІэрыщІу езым хьэпшып хэхам и дефицитыр къызэригъэщІращ. Ар нэхъыбэу къызыхэкІыр хъыбар нэпцІхэр, фейкхэр куэд зэрыхъуаращ. Апхуэдэ уасэ дэгъэкІуеиныгъэхэм щхьэусыгъуэ хуэхъур нэгъэсауэ зэхэгъэкІыпхъэу къалъытащ.

Я Іуэху еплъыкІэмрэ, иджыпсту зэманым хыхьэхэкІым зэрыдэІэпыкъуфын Іэмалхэмрэ, хэкІыпІэхэмрэ къагъэлъагъуэу къэпсэлъащ зэІущІэм хэта дэтхэнэри.

**АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

---

Щыгъуэ пэкІум къикІыу

# Фэеплъ гукъэкІыжхэр

1↰ Мыхьэнэшхуэ иІэщ Къэрэшей-Черкесым щыІа жылагъуэ–политикэ щытыкІэ хьэлъэм деж мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ щызэтеІыгъэным, зэкъуэтыныгъэр щыхъумэным Хубиев Владимир хилъхьа къарум, хуищІа хэлъхьэныгъэм. Ар уасэншэщ. Тегъэчынауэ абы утыкум щыжиІауэ щытащ республикэр зыуэ къэнэн зэрыхуейр, лъэпкъ-лъэпкъкІэрэ зыбгуэш зэрымыхъунур. ИкІи, хабзэм тету, граждан, лъэпкъ, дин зэпэщІэтыныгъэхэр къимыгъэхъуу хэгъуэгум щызэфІэува политикэ Іуэхугъуэхэр иригъэкІуэкІауэ щытащ. Хэгъуэгум мамыр гъащІэр, зэпІэзэрытыныгъэр къыщызэтригъэнащ.

Хубиев Владимир хэгъуэгум и лІыщхьэу щытета пІалъэм республикэм и промышленностым, ухуэныгъэхэм, мэкъумэш хъызмэтым, турист отраслым икъукІэ зыужьыныгъэ ягъуэтауэ щытащ, къалэхэр, районхэр къэщІэрэщІэжыныгъэ гъуэгум теуващ.

Ар гъащІэ, Іуэху зэхэщІыкІ ин зыбгъэдэлъа унафэщІ набдзэгубдзаплъэт. Лъэпкъ зэхэдз зымыщІт, зыщалъхуа хэгъуэгур фІыщэу зылъагъут, абы щыпсэу лъэпкъ къэс я щэнхабзэм щыгъуазэт, къыдэлажьэхэм, цІыху къызэрыкІуэхэм я пащхьэ и пщІэр щыинт.

Дунейм зэрехыжрэ илъэс куэд текІыжами, Хубиев Владимир Ислъам и къуэм илэжьа ІуэхуфІхэр щІыхь хэлъу пыдощэ, сыт щыгъуи зыщІэхъуэпсу щыта — Къэрэшей-Черкесым мамырыгъэмрэ ефІэкІуэныгъэмрэ щызэтеІыгъэныр тхъумэнущ, дгъэщыпкъэжынущ, — жиІащ Темрезов Рэшид.

ГукъэкІыж гуапэхэр пэкІум щыжиІащ 1995-1999 гъэхэм Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм и тхьэмадэ ІэнатІэ лъагэр зыІыгъа, «Кавказ» Упрдор ІуэхущІапІэм и хэгъуэгу къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ Уэз Анатолэ.

— Тхьэшхуэм акъыл нэху къызрита, и ныбжьыр хэхъуэхукІи, зи гъащІэ Іуэху зэхэщІыкІыр нэхъри нэхъ ин хъуа, щІэныгъэ ин зыбгъэдэлъа, жэуаплыгъэшхуэ зыхэлъа — апхуэдэт республикэм и япэ лІыщхьэ Хубиев Владимир Ислъам и къуэр.

1992 гъэм республикэм и унафэщІ ІэнатІэм пэрыува Хубиевыр хуэзат зэман хьэлъэ дыдэ: плановэ экономикэр зэхэщэщэжат, бэдаущ гъащІэр здэкІуэ лъэныкъуэр гурыІуэгъуэтэкъым. Арами, Хубиев Владимир хэлъа лІыгъэм, набдзэгубдзаплъагъым наІуэ ищІащ ар сыт хуэдэ гугъуехьми зэрыпэщІэтыфынур. Ар хъуащ Къэрэшей-Черкесым и ухуакІуэ, и архитектор, къалэн хьэлъэ дыдэхэр къызыхуэува, ар щІыхь пылъу зыгъэзэщІэфа унафэщІ.

Нобэ а цІыхушхуэм и псэр тыншщ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, Къэрэшей-Черкесым и унафэщІ ІэнатІэм бгъэдэтыр — республикэм и лІыщхьэ Темрезов Рэшид — цІыху щыпкъэщ, — къыхигъэщащ Уэз Анатолэ.

КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэу 1995-1999 гъэхэм лэжьа Тэтэрщауэ Азрет и къэпсэлъэныгъэми гулъытэ щыхуищІащ Хубиев Владимир хэлъа къызэгъэпэщакІуэ зэчийм, зыщалъхуа хэку цІыкІум хуиІа фІылъагъуныгъэ иным.

— Хубиев Владимир япэ дыдэ нэІуасэ сыщыхуэхъуар 1960 гъэхэм я къыщІэдзапІэм, ар «Сторожевскэ» совхозым и унафэщІ ІэнатІэм щыпэрыта зэманым щыгъуэщ... Илъэс 40-кІэ Хубиев Владимир жэуаплыгъэ ин зыпылъ парт, совет ІэнатІэ лъагэхэм бгъэдэтащ, и къызэгъэпэщакІуэ, пашагъэ зэчийр, цІыхубэм зэгурыІуэныгъэ къазэрыдигъуэтыр игъэлъагъуэу. Апхуэдэ и хьэл-щэнхэр нэхъри нэхъ нэрылъагъу щыхъуар «перестройкэ»-р щыщыІа, 1990 гъэхэм Урысейм щекІуэкІа зэхъуэкІыныгъэ хьэлъэхэм щыгъуэщ, — къыхигъэщащ Тэтэрщауэ Азрет.

Щыгъуэ пэкІум къыщыпсэлъахэм я гукъэкІыж гуапэхэм фІыщІэ псалъэкІэ пэджэжащ Хубиев Владимир и щхьэгъусэ Зое.

— ФІыщІэ ин фхузощІ республикэм, абы щыпсэу лъэпкъхэм фІылъагъуныгъэ ин хузиІа, дэтхэнэми пщІэ хуэзыщІу дунейм тета цІыхум и щІыхьыр зэрыфІэтым, зэрыфхъумэм, зэрыфщымыгъупщэм папщІэ, — жиІащ абы.

Къэпсэлъэныгъэхэр зэфІэкІа нэужь, пэкІум хэтахэм удз гъэгъахэр щагъэтІылъащ Хубиев Владимир и фэеплъ сыным и пащхьэ.

**АБИДОКЪУЭ Люсанэ**

---

Статистикэ

# Къэрэшей-Черкес Республикэм 2021 гъэм игъуэта социально-экономическэ зыужьыныгъэр

### Промышленность

Къапщытэж илъэсым и IV кварталым промышленностыр зэрыщыту процент 28,2-кІэ зэрыхэхъуам и хьэкъкІэ, 2021 гъэм и промышленнэ производствэм и индексыр, абы ипэ ита 2020 илъэсым еплъытмэ, нэсащ процентв 114-м. Продукцэу къыщІагъэкІыр щыхэхъуащ продукцэм елэжь (обрабатывающэ) производствэхэм (112,5%), электрокъарукІэ, гъуэзрэ бахъэрэкІэ къызэзыгъэпэщ, хьэуар здагъэкъабзэ ІэнатІэхэм (124,3%).

Обрабатывающэ предприятэхэм ящыщу ехъулІэныгъэхэр зыдалъэгъуар мыпхуэдэ ІэнатІэхэращ: унагъуэ лъащІэ хьэпшыпхэр щымыхъукІэ, псэуалъапхъэ пхъэхэкІхэр здагъэхьэзырым, пхъэмрэ пхъэмыфымрэ зделэжьым (къыщІагъэкІым и къэухьыр хэхъуащ хуэди 2,3-кІэ), машинэхэмрэ оборудованэмрэ здызэрагъэзэхуэжымрэ здызэпкъралъхьэмрэ (1,5-рэ хуэдизкІэ), псыхэкІхэр здрагъахъуэм (процент 43,9-кІэ), хьэфэ, пластмасс пкъыгъуэхэр здащІым (процент 38,8-кІэ), электрическэ оборудованэр къыздыщІагъэкІым (процент 19,2-кІэ).

Продукцэу къыщІагъэкІыр щыхэщІащ щэкІхэр зэІузыщэ предприятэхэм (хуэди 4,9-кІэ), тхылъымпІэмрэ тхылъымпІэхэкІхэмрэ къыздыщІагъэкІым (хуэди 2,9-кІэ), полиграфиемрэ хъыбарзехьэ Іэмалхэр здытрадзэхэмрэ (15,8%), ерыскъыхэкІхэр здагъэхьэзырым (11,2%). МыгъущІ пкъыгъуэхэм къыхах продукцэм кІэрыхуащ процент 1,1-кІэ. ХъугъуэфІыгъуэу щІым къыщІахым кІэрыхуащ проценти 2,2-рэкІэ.

### Мэкъумэш хъызмэт

Мэкъумэш хъызмэтым 2021 гъэм къыщІигъэкІа продукцэм и къэухьыр, иджы къекІуэкІ уасэхэмкІэ, нэсащ сом мелуан 389214-м. Мэкъумэш хъызмэтхэм япкъ къикІ продукцэм и индексыр, 2020 гъэм еплъытмэ, нэблэгъащ проценти 107,3-м.

Губгъуэ къэкІыгъэхэм елэжь ІэнатІэм и гугъу тщІымэ, мэкъумэш хъызмэт псоми къэкІыгъэхэр здасэ щІыгухэр, 2020 гъэм елъытауэ, проценти 4,1-кІэ хэщІри, нэсащ гектар мини 124,9-м.

Хъызмэт псоми 2021 гъэм хьэцэпэцэ гъавэу кърахьэлІэжар, нэгъабэ елъытауэ, процент 15-кІэ хэхъуащ икІи нэсащ (елэжьыжа нэужь) тонн мин 406,2-м, фошыгъупхъэ жэгундэу къатІыжар - процент 34,7-кІэ (тонн мини 181,5-рэ), сэхуран жылапхъэу кърахьэлІэжар хуэди 3,5-кІэ нэхъыбэщ (тонн мин 24,2-рэ), губгъуэм къыщагъэкІ хадэцІыкІухэкІхэри нэхъыбэщ процент 0,5-кІэ (тонн мин 21,7-рэ).

КІэртІофу къатІыжар хэщІащ проценти 2,9-кІэ (тонн мини 101,8-рэ). Гъавапхъэхэр (нартыхури хэту), нэгъабэ еплъытмэ, процент 51,4-м икІри 39-м нэсащ, фошыгъупхъэ жэгундэр - процент 58,5-м икІри процент 53,3-рэ хъуащ.

### Ухуэныгъэмрэ инвестицэ лэжьыгъэмрэ

Урысей Федерацэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и Министерствэм къызэритымкІэ, федеральнэ бюджетым 2021 гъэм федеральнэ, къэрал мыхьэнэ зиІэ ухуэныгъэхэм къахуиутІыпщащ сом мелуан 2527,3-рэ, хэгъуэгу бюджетым къыбгъэдэкІащ сом мелуан 236,7-рэ. Абы щыщу ухуэныгъэхэм нэгъабэ къыщагъэІэрыхуагъэххэщ сом мелуан 2358,3-рэ.

2021 гъэм республикэм щагъэхьэзыращ мыпсэупІэ, псэупІэ унэу 1606-рэ (метр зэбгъузэнатІэ мин 371,3-рэ).

УхуэныгъэщІэхэмрэ щыІэххэ унэхэр зэрызэрагъэзэхуэжамрэ и къэухьым иту ягъэхьэзыращ: Іэщышхуэ мин 1,3-м ятегъэпсыхьа псэуалъэхэр, кІэртІофым, хадэцІыкІухэкІхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ я хъумапІэхэр (тонн мин 12,8-м ятегъэпсыхьауэ), ягъэтІылъащ щІыгу гектар мини 3,4-м псы зэрыщІагъэлъэдэну бжьамийхэр, литрэ ныкъуэ зэрыхуэ бащырбэ мелуани 2-м минеральнэ псы здырагъэхъуэну лъэщагъхэр, сыхьэтым бетон кубометр 60 здызэхалъхьэну производственнэ лъэщагъхэр, яукъуэдиящ кВ 35-м нэблагъэ лъэщагъ зиІэ электрокъару кІуапІэу километр 56,3-рэ, 6-20 кВ лъэщагъ зиІэу километр 22,4-рэ. Ягъэуващ къарур зыгъэлъахъшэ трансформаторхэр, мэкъумэш мыхьэнэ зиІэ псы кІуапІэ бжьамийуэ 1 километр ягъэтІылъащ.

ПсэупІэ ухуэныгъэм и лъэныкъуэкІэ, нэгъабэ республикэм щаухуащ псэупІэ метр зэбгъузэнатІэ мин 235,2-рэ (унагъуэ унэ 1323-рэ фэтэр куэду зэхэт псэупІэ уни 5-рэ). Ар нэгъабэ нэхърэ хуэдэ 1,8-кІэ нэхъыбэщ. Абы щыщу къуажэ щІыпІэхэм щаухуащ псэупІэ метр зэбгъузэнатІэ мини 120,1рэ (унэ 812-рэ).

### Транспортыр

Предприятэ инхэмрэ курытхэмрэ я автомобиль транспортымкІэ нэгъабэ ягъэкуэшащ хьэлъэу тонн мин 1707,2-рэ, ар 2020 гъэм и процент 92,5-рэ мэхъу. Псори зэхэту хьэлъэу ягъэкуэшащ тонн-километр мин 90560,1-рэ (нэгъабэ и процент 79,4-рэ).

Коммерческэ хьэлъэу 2021 гъэм ягъэкуэшащ тонн-километр мелуан 11,2-рэ е нэгъабэ и процент 81,3-рэ.

Абы къинэмыщІауэ, республикэм и пассажир транспортымкІэ 2021 гъэм гъуэгу трагъэхьащ цІыху мелуани 10,6-рэ (илъэс кІуам и проценти 111,7-рэ).

### Финансхэр

Къэрэшей-Черкесым финансхэмкІэ и Министерствэм къызэригъэлъагъуэмкІэ, 2021 гъэм и дыгъэгъазэм (декабрым) 1-м ехъулІэу, консолидированнэ бюджетыр ягъэзэщІащ-хэхъуэхэмкІэ сом мелуан 329713-кІэ, хэщІыныгъэхэмкІэ (расходы) - сом мелуан 31249,5-кІэ. Консолидированнэ бюджетым и профицитыр (къыдигъэхуар) хъуащ сом мелуан 1721,8-рэ (2020 гъэм и щІышылэщэкІуэгъуэ пІалъэм и профицитыр сом мелуан 1127-рэ хъут).

Къагъэсэбэпа ахъшэхэм нэхъ тегъэчынауэ дакъытеувыІэмэ, лъэпкъ экономикэм щхьэпэным хуаутІыпщащ сом мелуан 5204,1-рэ (къагъэсэбэпауэ хъуам и процент 16,7-р), псэупІэ-коммунальнэ хъызмэтым - сом мелуан 3621-рэ (11,6%), егъэджэныгъэм - сом мелуан 7239,6-рэ (23,2%), социальнэ политикэм - сом мелуан 8792,3-рэ (28,1%), 2020 гъэм и щІышылэ-щэкІуэгъуэ пІалъэм а ІэнатІэ дыдэхэм къыщагъэсэбэпа ахъшэ бжыгъэхэр зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу мыпхуэдэу щытащ: сом мелуан 5133,8-рэ (17,6%), сом мелуан 2356-рэ (8,1%), сом мелуан 7209-рэ (24,7%), сом мелуан 8396,6-рэ (28,7%).

### ЦІыхухэм я псэукІэр

ЦІыхухэм я хэхъуэхэм и Іыхьэ нэхъыщхьэщ кърат мазэ лэжьапщІэр. 2021 гъэм и щІышылэ-щэкІуэгъуэ пІалъэм республикэм щылажьэ цІыхум и ику ит мазэ лэжьапщІэр хъут сом 31231,3-рэ. Ар 2020 гъэм и щІышылэ-щэкІуэгъуэ пІалъэм проценти 101,6-рэ хуохъу.

ХыхьэхэкІ цІыкІур щымыхъукІэ, организацэхэм къата бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, предприятэхэмрэ организацэхэмрэ Іуэху щызыщІэхэм ирамытыжа лэжьапщІэ щІыхуэу 2022 гъэм и щІышылэм и 1-м ехъулІэу лэжьапІэтхэм ятелът сом мин 329-рэ. ЩІыхуэхэр къанэ щымыІэу псори зытелъыр цІыхухэр псыкІэ къызэгъэпэщыным, пхъэнкІийр лъэныкъуэ егъэзыным елэжь къулыкъухэращ.

### Демографие щытыкІэр

КъызэралъытэмкІэ, 2021 гъэм и дыгъэгъазэм (декабрым) и 1-м ехъулІэу, Къэрэшей-Черкесым щыпсэуащ цІыху мин 464,5-рэ е нэгъабэ и пэм щегъэжьауэ нэрыбгэ 864-рэ хэщІащ.

2021 гъэм и щІышылэ-мэкъуауэгъуэ пІалъэм республикэм и цІыхухэм яхэщІащ 934-рэ (абы ипэ ита илъэсым и апхуэдэ пІалъэм цІыху 348-рэ къыхэхъуат). Апщыгъуэми сабийуэ къалъхуар хэщІащ 563-кІэ (12%), дунейм ехыжахэр нэхъыбэ хъуащ цІыху 719-кІэ (16,6%). ЛІа цІыхуи 100 къэс къэхъуа 81-рэ яхуозэ (илъэскІэ нэхъ пасэу - 108-рэ).

2021 гъэм и пэм къыщегъэжьауэ, Къэрэшей-Черкесым и ЗАГС къулыкъухэм щыщІатхащ унагъуэ зэдэзыщІахэм я тхылъ 1796-рэ, зэпыкІыжахэм я тхылъ 2057-рэ. ЗэдащІа нэчыхьи 100 къэс якъутэжа 115-рэ яхуозэ, илъэскІэ нэхъ пасэу - 70-т.

ЦІыхухэр зэрыкуэшым (миграцэм) теухуауэ. 2021 гъэм и щІышылэ-мэкъуауэгъуэ пІалъэм Къэрэшей-Черкесым икІыжащ цІыху 5268-рэ, республикэм щыпсэуну къэкІуэжащ цІыху 5338-рэ.

Куэшыжхэм щыпсэуну нэхъ къыхах Ставрополь крайр - 2021 гъэм и мазэ 11-м къриубыдэу абы щыпсэуну кІуэжащ цІыху 2015-рэ. Краснодар крайм куэшыжхэри куэдщ (669-рэ). НэгъуэщІ щІыпІэхэм кІуэжахэр: Москва къалэм (цІыху 373-рэ), Москва областым (354-рэ), Тюмень областым (282-рэ).

**ИЩХЪЭРЭ-КАВКАЗСТАТ-м и Къэрэшей- Черкес хэгъуэгу къудамэ**

**Къэрачай**

# Ленин орденыр – япэу

БАТЧАЕВЭ Баладжан — Ленин орденыр япэу къызыхуагъэфэща къэрэшей бзылъхугъэщ. 1919 гъэм ар къыщыхъуащ къэрэшей Iуэхузехьэ цIэрыIуэ куэд къызыдэкIа Тебэрды къуажэм. А хъыджэбз цIыкIур дунейм къыщытехъуам хэт ищIэнт абы и гъащIэр Iуэхугъуэ къызэрымыкIуэхэмкIэ гъэнщIауэ щытыну, апхуэдиз хьэзаб и натIэ хъуну! Ар къыздалъхуар къызэрыгуэкI къэрэшей унагъуэт. Щхьэкъэмыlэту зэрылажьэм, зэрызыщымысхьыжым къыхэкIыу я ныбэ щыщIэтэкъым, щыгъыныджэ хъутэкъым. Баладжани и адэмрэ и анэмрэ ядэIэпыкъуурэ, пасэу лэжьыгъэм хилъэсащ.

1920 гъэхэм унагъуэр куэшыжащ Архъыз къуажэм. Хъыджэбз цIыкIум и япэ илъэсхэр мыбдежым щрихьэкIащ, пэщIэдзэ щIэныгъэри щызригъэгъуэтащ. АрщхьэкIэ Архъыз адрей къэрэшей къуажэхэм зэрапэIэщIэр унагъуэм и нэхъыжьым игу ирихьтэкъым. Абы къыхэкIыу, Батчаевхэр 1932 гъэм аргуэру мэкуэшыж апщыгъуэм къызэрагъэпэща къуажэщIэм – Къызыл-Октябрь.

Мыбдежращ Баладжан курыт щIэныгъэ иримыкъу здызэригъэгъуэтари. Илъэс 17 нэхъ мыхъуауэ лэжьэн щыщIидзащ «По пути Сталина» щIыпIэ колхозым. Бгырыс бзылъхугъэ ныбжьыщIэм щIэх дыдэ къигъэлъэгъуащ лэжьыгъэм зэрыщымыщтэр, зэрыгуащIафIэр, щхьэх зэримыщIэр. Апхуэдэу, гу лъатэри, ягъэуващ кIэртIофгъэкI гупым и пашэу. 1936 гъэм гектар къэс кIэртIоф центнер 750-рэ къыщитIыжащ. Нартыху бэви къахъулIат апщыгъуэм — гектар къэс хуэзэу нартыху центнер 96-рэ къыдачыжащ. Апхуэдэ лэжьэкIэр нэгъуэщIхэм къагъэIэрыхуэн папщIэ, 1937 гъэм Баладжан трагъыхьэ бригадиру, и гупым хэтхэр адрей IэнатIэхэм щагъэув.

1939 гъэм ар кIуэжащ Дзэ Плъыжьыр (РККА-р) илъэс 20 зэририкъум и цIэр зезыхьэ колхозым. Абдежми бэвыфI и натIэ хъуащ.

Хэкум хуэфащэ уасэ иритащ бгырыс бзылъхугъэ ныбжьыщIэм и гуащIэдэкI гъэрэтым къыпэкIуа ехъулIэныгъэм. СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ 1940 гъэм гъатхэпэм и 16-м Батчаевэ Баладжан къыхуагъэфэщащ СССР-м и саугъэт нэхъыщхьэр – Ленин орденыр. Саугъэтыр къыщратащ къэралым и къалащхьэм – Москва. Ар и IэкIэ къыIэщIилъхьащ «союзпсо старостэм» - СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и тхьэмадэ Калинин Михаил. Саугъэтым щIыгъуу къэрэшей пщащэр ягъэгуфIащ тыгъэ лъапIэхэмкIи – Баладжан и насып къихьащ дыжьыным къыхэщIыкIа хьэкъущыкъухэр. Абы щыщу шей зэрефэ бжэмышх цIыкIуитI нобэр къыздэсым зэрехьэ Баладжан ипхъу Акбаевэ Галинэ.

1930 гъэм и кIэм Баладжан нэIуасэ хуэхъуащ Зеленчук районым егъэджакIуэу къагъэкIуа комсомолец Мелекаев Хьэзрэт. Куэд темыкIыуи ныбжьыщIэхэм унагъуэ зэдащIащ. 1939 гъэм Баладжанрэ Хьэзрэтрэ пхъу къахуэхъуащ — Галинэ. ЕтIуанэ пхъур — Татьянэ дунейм къытехьащ Хьэзрэт фронтым яша нэужь.

Баладжан и унагъуэ насыпыр мыухыж къыщыхъут. Ар икIи гурыIуэгъуэт – зэрыныбжьыщIэми емылъытауэ ар къыщащIэт Совет Союз псом. И унагъуэкIи пылъхьэншэт – анэ хъуат.

1941 гъэм щIидза зауэ нэщIэбжьэм къыдэкIуащ къэрэшейхэр я хэкум зэрырагъэкIари.

Фашистхэр ди хэкум къызэрытеуэрэ махуэ зыбжанэ нэхъ темыкIауэ, адрей бгырысхэм яхуэдэу, Баладжан и щхьэгъусэ Хьэзрэти лъаIуэри зауэм кIуащ. ЛIыгъэ хэлъу япэщIэтащ фашист зэрыпхъуакIуэхэм.

Адрей и хэкуэгъу бзылъхугъэхэм яхуэдэу Баладжани пэплъэт и щхьэгъусэм къыхуитхыну хъыбархэм. Ауэ Хьэзрэт и тхыгъэхэр къэмыкIуэж хъуащ. Баладжанрэ и щхьэгъусэм и Iыхьлыхэмрэ пэжыр къащIэну пылъащ, арщхьэкIэ абы зыри кърикIуакъым. ИкIи Хьэзрэти адрей совет сэлэт мелуанхэм яхуэдэу яхэхуащ хъыбарыншэу кIуэдахэм. Абы гугъапIэ гуэри къаритт, ауэ икIи пэплъэ кIыхьым хидзэт. Баладжан хьэкъыпIэкIэ къыгурыIуэт Хьэзрэт бийхэм къаухъуреихьа гупхэм яхэту зэрыхэкIуэдар. Апхуэдэу куэд кIуэдауэ щытащ, хъыбари тхылъи къамыгъанэу.

Ауэ Баладжан и щхьэгъусэр игъеини хущIыхьакъым, къуий и щIыIу гуэрэф зэрыжаIэу, ди псыхъуэхэм къыдэзэрыгуащ фашист зэрыпхъуакIуэхэр. Ар Хьэзрэт хъыбарыншэу кIуэдауэ къыщатхарат. Баладжан нэмыцэхэм теIущIыкIыпIэ ящIащ – ар коммуниститт, зауэм хэтым и щхьэгъусэт, СССР-м и саугъэт нэхъыщхьэр зезыхьэт. Яубыдри мазэрэ ныкъуэрэкIэ яIыгъащ хьэзаб трагъэлъу. ИужькIэ къаутIыпщыжа щхьэкIэ, зауэ хьэзабыр иджыри иухатэкъым.

1943 гъэм щIышылэм (январым) и кум нэмыцэхэр ди щIыпIэхэм ирахужри, махуэ зытIущкIи Совет властыр зэфIэувэжащ. Насыпыншагъэу зыхэтами емылъытауэ, Баладжан адрейхэм я гъусэу хыхьащ фашистхэм зэрапхъуа хъызмэтхэр зэфIэгъэувэжыным. ЦIыхухэр игъэгушхуэт советыдзэхэм фронтым щызыIэрагъыхьэ ехъулIэныгъэхэм. Ахэр гугъэт зауэр иухыу, я щхьэгъусэхэм, къыдалъхуахэм къагъэзэжыну. Ауэ апхуэдэ гугъэхэр хигъэсэхэжащ къэрэшейхэр хэкум ирагъэкIыну унафэ къыщахьым. ГъащIэм апхуэдэу дыджу зэблиха хъуати, НКВД-м и сэлэтхэм къэрэшейхэр ирашыным теухуа унафэм Iэпэ щIидзащ илъэсищкIэ узэIэбэкIыжмэ Баладжан Ленин орденыр къезытам.

Ленин орденри къратауэ зэрыщытам бгырыс бзылъхугъэр щихъумакъым хэкум иpагъэкIыным. Баладжанрэ Хьэзрэтрэ япхъу нэхъыщIэ цIыкIу Татьяни щIыуэпсыр къемызэгъыу, сымаджэ хъури, хамэщIым щылIащ. И гъащIэм етIуанэпсэ къыIузыгъэкIэжар етIуанэ унагъуэ зэрищIэжаращ. Боташев Iэсхьэт дэкIуэжри пхъу – Соня къыхуэхъужащ.

Ауэ унагъуэщIэми Баладжан щихъумакъым и хэкум зэрыщIэгупсысымрэ зыхэта псэзэпыщIэгъуэмрэ хиха узым. Тэрэзу зэрымыпсэум, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ нэс зэримыгъуэтым къыхэкIыу, Баладжан сымаджэ хъури, 1950 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 16-м дунейм ехыжащ. Абы и ныбжьыр апщыгъуэм зэрыхъуар илъэс 31 къудейт...

Ибэу къэнащ ипхъухэу Галинэрэ Сонярэ, лIыгъуабэу – зи щхьэгъусэ ныбжьыщIэр зыфIэкIуэда Iэсхьэт.

Нобэ куэдым куэд ящогъупщэж, Батчаевэ Баладжан и цIэр зыщIэжыр мащIэщ. Ауэ дауэ щымытми, зыми хуэгъэкIуэдынукъым бгырыс бзылъхугъэ ныбжьыщIэм и гуащIэдэкI лIыхъужьыгъэр, абы къэралым и саугъэт нэхъыщхьэр къыхуагъэфэщауэ зэрыщытар.

Догугъэ Батчаевхэрэ къэрэшей лъэпкъымрэ япхъу щыпкъэм и фэеплъыр мыкIуэдыным хуэунэтIауэ мы зэман гъунэгъум Iуэху гуэрхэр зэрахьэну.

**БАТЧАЕВЭ Фатимэ**



# Куэд щIами...

**День Республики**

Куэд щIащ, ауэ... ар сабийхэм къахуокIуэ, гъащIэ мелуан бжыгъэ зыхэкIуэда зауэ шынагъуэм, зи Хэкур зыхъумахэм я лIыхъужьыгъэм теухуа хъыбар пэжхэр яхуиIуэтэн щхьэкIэ.

Калугэ щыщ гъэсакIуэ Кишеев Виктор студентхэмрэ еджапIэ зэхуэмыдэхэм щIэс ныбжьыщIэхэмрэ куэдрэ ягу къегъэкIыж 1942 гъэм блокадэм ит Ленинград и сабийхэр Беслъэней адыгэ унагъуэхэм зырашалIэу къызэрызэтрагъэнар. Абы теухуа хъыбарыр япэу щызэхихам, имыгъэщIэгъуэн лъэкIакъым къуажэм дэс бзылъхугъэ къызэрыкIуэхэм гуеягъыу къакъуэкIар. Абыхэм я гъащIэри шынагъуэ ирагъахуэу, я унагъуэ ирашащ хамэ сабийхэр. Ахэр иджы хамэу зыми къыщыхъужкъым.

Тхылъхэм къазэрыхэщыжымкIэ, Кишеев Виктор Андреевич 1937 гъэм къыщыхъуащ Зеленчук станицэм, еджапIэр къыщиухащ Къардэныдж станицэм. Псыхуабэ (Пятигорск) педагогическэ институтым щIэныгъэ щызригъэгъуэта нэужь, зы зэман гуэркIэ щылэжьащ Усть-Жэгуэтэ и еджапIэхэм ящыщ зым.

Совет дзэм къулыкъур щрихьэкIри, Калугэ куэшыжащ. Нэхъапэ щIыкIэ лэжьащ малокомплектнэ еджапIэм зегъэужьыныкIэ лабораторэм и егъэджакIуэ нэхъыжьу, и унафэщIу. Илъэс куэдкIэ унафэ хуищIащ Калугэ къалэм дэт 23-нэ курыт еджапIэм. 1984 гъэм къыщегъэжьауэ 1989-м пщIондэ лэжьащ егъэджэныгъэм зегъэужьынымкIэ Калугэ дэта къэрал институтым и унафэщIу. 1996 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 1-м къыхуагъэфэщащ «Урысей Федерацэм и еджапIэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» щIыхьыцIэр. Иджы Калугэ къалэм и «Центр развития ребенка» сабий IыгъыпIэм щолажьэ гъэсэныгъэмкIэ чэнджэщакIуэу.

Виктор Андреевич зауэр и нэгу щIэкIащ. Ар и ныбжькIэ илъэситху къудейт зэрыхъур 1942 гъэм Зеленчук станицэм «Эдельвейс» нэмыцэ дивизэ цIэрыIуэм и сэлэтхэр къыщыдыхьам.

— ШыщхьэIут (август), хуабэвэхт, Яблочнэ Спасым и лъэхъэнэт. Апщыгъуэм мыIэрысэхэмрэ къыпцIэхэмрэ бэгъуат. СощIэж нэмыцэхэм ахэр къызэрыпачар, си нэгу щIэтыжщ нэмыцитIым пэгуныр ягъэщIейуэрэ шэ зэрефар. Ар Iупщ Iу си нэгу къыщIэнащ, — игу къегъэкIыж абы.

Апщыгъуэм нэмыцэхэм уапэщIэтыныр икъукIэ гугъут. Ауэ итIани, мазэ зыбжанэ текIри, Дзэ Плъыжьым и зауэлIхэм ахэр Кавказым ирахужащ. Абы лъандэрэ куэд щIащ, ауэ а теплъэхэр цIыхухэм я гукъэкIыжхэм сагъызым хуэдэу къахэнащ.

Ноби Виктор Андреевич къытригъэзэжурэ жеIэ: «Сэ зауэм срисабийщ. Фронтовикхэм си гур яхуэмыгъуэщ».

Абы къыкIэлъыкIуащ ТекIуэныгъэр, зауэнэужь сабиигъуэ гугъур, ищхьэ еджапIэм зэрыщеджар, IэщэкIэ узэда дзэхэм къулыкъу зэрыщищIар, гъэсэныгъэ лэжьыгъэр.

Арати, зэгуэрым, 1982 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 10-м, Беслъэней курыт еджапIэм и унафэщI ПэтI Риммэ итхауэ «Комсомольская правда» газетым къытехуауэ щытащ блокадэкIэ къаувыхьа, Ленинград къраша сабийхэр Беслъэней адыгэ къуажэм и унагъуэхэм бын зэращIам теухуа тхыгъэ. Апщыгъуэм Виктор Андреевич Калугэ къалэм и 23-нэ курыт еджапIэм и унафэщIт.

СССР-м и еджапIэ къулыкъущIапIэ псоми зэращIым хуэдэу, мы еджапIэми хэкупсэ темэмкIэ дауэдапщэхэр щызэхашэт. Апхуэдэ зым щагъэIуауэ щытащ мы хъыбарри.

Виктор Андреевич игу къегъэкIыж 1983 гъэм къызэрыкIуар къыздалъхуа щIыпIэм, Беслъэней къуажэм хьэщIагъэ ирихыу, цIыхухэм зэрахуэзар. КъигъэзэжакIуэ нэужь, и нэпсхэр хуэмыубыду, сабийхэм яжриIэжат илъэгъуа псори.

— АтIэ, адэкIэ сыт? Сабийхэм я гъащIэр дауэ унэтIа хъуа? — темыпыIэжу къеупщIащ еджакIуэхэр.

ЕгъэджакIуэм сабийхэм яхуиIуэтащ адыгэ унагъуэхэм зрашэлIа сабийхэр я бын дыдэ зэрыхъуар, балигъыпIэм щиувами ахэр беслъэнейдэсу къызэрынар.

Кишеев Виктор и хъыбарыр иухат Ленинград блокадэр щыщхьэщахыжа махуэр Урысей Федерацэм и ищхъэрэ къалащхьэм имызакъуэу, Къэрэшей-Черкесым и адыгэ къуажэ цIыкIуми зэрыщагъэлъапIэмкIэ.

Илъэс 40-м зэрынэхьэсауэ Кишеев Виктор Андреевич япыщIащ Хьэбэз районым щыпсэухэм, езым и лэжьэгъу, еджапIэм и унафэщIу щыта ПэтI Риммэ, Къэрэшей-Черкесым и адыгэ лъэпкъ жылагъуэ автономием и тхьэмадэ Уэхъутэ Александр, нэгъуэщI куэдым. Абыхэм сыт щыгъуи ягъуэт зытепсэлъыхьын.

— Виктор Андреевич гупцIанэ дыдэщ. Абы псэкIэ зыхищIащ блокадэм ита Ленинград къалэм къыдаша сабийхэр къызэрызэтрагъэнам теухуа хъыбарыр. Абырэ сэрэ дызопсалъэ, дызэхуотхэ зэпыт. КъызэлъэIури, хуезгъэхьауэ щытащ «Память сердца. Ленинградские черкесы Беслeнея» тхылъыр. Си фIэщ мэхъу а тхылъыр Кишеев Виктор Андреевич гъэсэныгъэ IуэхумкIэ гъерэтыфIэу къызэригъэсэбэпынур, — къыддогуашэ Уэхъутэ Александр.

Калугэ дэтщ Циолковский Эдуард и цIэр зезыхьэ университет. Куэд мыщIэу абдежым къыщыпсэлъэнущ Виктор Андреевич, щиIуэтэжынущ мы хъыбар къызэрымыкIуэр.

— Ди бынхэмрэ абыхэм я быныжхэмрэ яцIыхупхъэщ а зауэ шынагъуэм щызыIэрыдгъыхьа ТекIуэныгъэм щIэтта уасэр, — жеIэ егъэджакIуэм. — Сэ сабийхэр езгъаджэ къудейкъым, сэ сыщхьопэ тхыдэ фэеплъыр хъумэным, ныбжьхэм ар зэIэпахыным.

Абы иджыблагъэ къыдигъэкIащ «Детские игры народов России в воспитательном пространстве дошкольного детства» тхылъыр.

— Калугэ и хьэблэщIэм хэтщ иджырей зэманым сыткIи тегъэпсыхьа сабий IыгъыпIэ 14. Абдежым гулъытэшхуэ щыхуащI ди сабийхэр зэгупсысым, я Iуэхухэр, я джэгугъуэхэр зытраухуэм, — къыддогуашэ Кишеев Виктор. — Апхуэдэу, «Мозаика» сабий IыгъыпIэм, нэгъуэщIхэми щызэрагъащIэ адыгэ, дагъыстан джэгукIэхэр. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, мы гъэр ягъэуващ Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэ щIэиным и Илъэсу.

**НИКОЛАЕВЭ Ларисэ**






**Абазашта**

**2017 гъэм, Абазэ районым гъуазджэмрэ зыгъэпсэхупIэмрэкIэ и Купсэм къыщызэрагъэпэщащ «Апхьарца» фIэщыгъэцIэр зрата, цIыхубэ макъамэ Iэмэпсымэхэмкiэ оркестрыр.**

**Iуэхур зэфIэкIыным икъукIэ щхьэпащ абазэ лъэпкъ щэнхабзэр, хабзэр хъумэным зи гуащIэрэ мылъкурэ щымысхьыжу хэзылъхьэ, проект гъэщIэгъуэнхэр утыкум къизыхьэ зэпыт Ечзэч Мусэ.**

# Гъуазджэ хабзэфIым пащэу




ИлъэсиплIым къриубыдэу оркестрым мызэ-мытIэу районми, республикэми и утыкухэм зыкъыщигъэлъэгъуащ, цIыхубэ фIылъагъуныгъэри къилъэщащ.

Мы гъэм гъатхэпэм (мартым) и 4-м «Апхьарца»-р ирагъэблэгъащ Согъум щекIуэкIыну, цIыхубэ макъамэ Iэмэпсымэхэмкiэ XI фестивалым. Хабзэ зэрыхъуауэ, а фестивалыр гъэ къэс Абхъаз Республикэм и къэрал филармонием щызэхашэ. Мы гъэм гъуазджэ зэхьэзэхуэр траухуащ Абхъаз Республикэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и Iуэхузехьэ, композитор, «Нартаа» ансамблыр къэзыгъэщIа Коргуа Иван.

ЖыIэпхъэщи, гъуазджэ зэхъуэжэныгъэ хабзэфIыр Абхъазымрэ Къэрэшей-Черкесымрэ къадокIуэкI совет илъэс жыжьэхэм къыщегъэжьауэ. АтIэ, КъЧР-м и «Абазинка» ансамблымрэ Абхъазым и «Шаратын»-мрэ и зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэр куэдым яцIыхуж, ахэр хьэкъыпIэкIэ махуэщI Iуэхугъуэт.

«Апхьарца»-м дежкIэ мызыгъуэгурей ежьэр — нэгъуэщI хэгъуэгум деж я япэ утыкуихьэ хъуащ. Апхуэдэ жэуаплыгъэр къагурыIуэти, Абхъазым зэрыкIуэнум тегъэчынауэ зыхуагъэхьэзыращ. Оркестрым и унафэщIыр Есэн Iэминатщ. Макъамэ Iэмэпсымэхэм йоуэ Щай Суаннэ, Къуэч Зуридэ, Агачэ Ритэ, КIыщмахуэ Фатимэ, Цекъуэ Аслъэнбий, Щэрмэт Гурам, НапщIэхэ Албэчрэ Казбекрэ. НапщIэхэр филармоние утыкум къихьащ икIи я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэкIэ гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ фIыуэ хэзыцIыхукIхэм я арэзыныгъэрэ гулъытэрэ къахьэхуащ.

Утыкур я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэмкIэ ягъэбжьыфIащ «Гунда», «Гал» ВИА-хэм (вокально-инструментальный ансамбль), «Анасып» оркестрым, «Цвижба» унагъуэ ансамбль цIэрыIуэм, нэгъуэщIхэми.

Ди артистхэм я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэм еплъахэм IэгуауэшхуэкIэ яIэтащ. «Апхьарца»-м и зэфIэкIхэр лъагэу къилъытащ гъуазджэхэмкIэ Купсэм и унафэщI Кварчия Нурий. Абы и къэпсэлъэныгъэм къыщыхигъэщащ оркестрым щIэблэ зэхуэмыдэхэм къахэкIахэр зэрыхэтыр, лъэпкъ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэнымкIэ гупым лэжьыгъэшхуэ зэригуэщIыр.

Фестивалым и къызэгъэпэщакIуэхэм жаIащ мыпхуэдэ зэIущIэхэм лъэпкъ зэхущытыкIэр зэрагъэбыдэр, ахэр зэныбжьэгъугъэм зэрыщхьэпэр. ЗэрыжаIащи, дяпэкIи а хабзэфIым пащэнущ, сыту жыпIэмэ абыхэм абхъаз, абазэ лъэпкъхэр нэхъри зэрегъэубыд. Къуэш зэхущытыкIэ угъурлыхэр зауэми, зэманми яхуэгъэкIуэдакъым. Абазэхэм ауэ сытми жаIакъым гъунэгъум къехъулIа мафIэс Iугъуэр къыбгъурысми зэрылъэIэсынур, гъунэгъум и гуфIэгъуэ уэрэдыр нэгъуэщIми зэрызэхихынур. Аращи, «Апхьарца»-м и макъ жьгъыpур уэри зэхэпхынущ.




Мамырыгъэр дэнэкIи щреIэ, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIа цIыхухэр шыгъупIастэкIэ, уэрэдрэ къафэрэкIэ зэлъырегъуазэ!

**КЪУЛ Фэрдаус**

**Ногай давысы**

Голос ногайцев

# И щIасэ спортым ар ишащ... Канадэм




Газетыр зытетхыхьауэ щыта цIыхум и Iуэху къыдэхъуауэ къыщIэкIмэ сыт щыгъуи ди гуапэщ. Илъэс зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, ди газетым и тхыгъэхэм ящыщ зыр теухуат бгырысхэм къадемыкIуэкI спортым дихьэх щIалэм – хоккеист Баисов Авваль. Апщыгъуэм ар илъэсиплI нэхъ мыхъуауэ мыл лъэрыжэм теувэри, ехъулIэныгъэ къызэрымыкIуэхэр зыIэригъыхьащ.

Нобэ дэ дытепсэлъыхь хъунущ спортсмен IэпщIэлъапщIэм, илъэс 17-м ит, метр 1,83-рэ зи лъагагъ, килограмм 84-рэ зи хьэлъагъ хоккеистым. Ар Ханты-Мансийск и «Югра» спорт клубым икIыу кIуащ... Канадэм – хоккейр къыздежьа хэгъуэгум. Дэтхэнэ хоккеистри щIохъуэпс абы къыщыхутэным.

— Ди щIалэр зыхыхьэну спортыр къыщыхэтхым, дэ ауэми дыхущIэкъуакъым ар спортсмен емынэунэ, чемпион хъуным. Дэ дыхуеящ спортыр ди сабийм и Iэпкълъэпкъ зыужьыныгъэм щхьэпэну. АтIэ, дэ мыл къежэхыпIэ зиIэ хоккей дворецым дригъунэгъути, абы тедубыдащ. ЛIы хъуным а спортыр щхьэпэну къэтлъытащ, — и къуэм и спорт гъуэгуанэр зэриублам къытхутопсэлъыхь и адэ Баисов Ахьмэд.

И къуэр лъэрыжэм тету къижыхьыным тригъэгушхуэн щхьэкIэ, адэри лъэрыжэм теуващ, щапхъэ къигъэлъагъуэу. Нобэ адэанэр щогуфIыкIыж, ирогушхуэ я быным и ехъулIэныгъэхэм. Нэгъабэ и фокIадэ (сентябрь) лъандэрэ Авваль щоджэгу "Windsor Spitfires" канадэ хоккей клубым. Абы Iэпэ щIидзащ илъэсищ зи пIалъэ контрактым.

— Канадэм сыкъыщыкуэшыжам, псори сымылъэгъуа, сызэмыса Iуэхут: гъащIэ щытыкIэхэр, щIыуэпсыр, гъэсакIуэщIэхэр, мыл утыкущIэр, зэрызагъасэ Iэмалхэр. Хамэбзэри зэзгъэщIэну къыспэплъэт. Сэ иджы инджылызыбзэм тыншу сропсэлъэф. Къэралыр фIыщ, цIыхухэр гуапэщ. Канадэм и хоккеймрэ дыдеймрэ зэбгъапщэми, абыи зэщхьэщыкIыныгъэ иIэщ. Абыхэм гулъытэ нэхъ хуащI къарум зегъэужьыным, ди деж – зэрыджэгу техникэм зегъэузэщIыным. Канадэмрэ ди къэралымрэ сыхьэт бжыгъэкIэ зэщхьэщокI. Абы емылъытауи, си зы джэгугъуи си адэанэм благъэкIкъым. Пщыхьэщхьэм сыджэгуамэ, абы пщэдджыжьым йоплъыж. Сэ сыщIохъуэпс си адэ-анэр Канадэм къезгъэблагъэу зезгъэплъыхьыну, я нэгу зезгъэужьыну, — жеIэ Авваль.

Хоккеист ныбжьыщIэм зиужьыным щхьэпа къэхъугъэ куэд и гъащIэм щыIащ. ДакъытеувыIэнщ нэхъыщхьэу къэтлъытэхэм. Авваль илъэсипщI нэхъ мыхъуу, 2013-2014 джэгугъуэ илъэсым къалъытащ ХМАО-Югры сабий хоккей зэпеуэм и ебгъэрыкIуэ (нападающэ) нэхъыфIу.

2015 гъэм Москва деж хэтащ «UNIVERSALHOSKEY DANEL M.BOCSHNER» Канадэ Хоккей Академием и къызэгъэпэщакIуэ, унафэщI икIи IэщIагъэлI пашэ Бохнер Дэниэль зэрыригъаджэ программэм и къэухьым ит мастер-классым. А гъэ дыдэм «Югрэ-2004» командэм хэту щыджэгуащ «Кубок Газпром нефти» къэралыбэ турнирым – Европэм и сабий хоккей зэпеуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зым.

2019 гъэм Урал Федеральнэ хэгъуэгум и командэ зэхуэшэсам хэту «Дети Азии» япэ щIымахуэ къэралыбэ спорт зэпеуэхэм щытекIуащ. А илъэс дыдэм текIуэныгъэр щызыIэригъыхьащ Башкортостаным хоккеимкIэ щекIуэкIа зэпеуэм.

2021 гъэм Авваль къыхуагъэфащэ «Кандидат в мастера спорта России» спорт нагъыщэр.

Баисовхэ я унагъуэм Авваль щынэхъыжьщ, абы и къуэш нэхъыщIэ Малыч е 8-нэ классым щоджэ. Авваль зэрыжиIэмкIэ, ар куэдкIэ узыгъэгугъэ щIалэ губзыгъэщ. Авваль и адэ Ахьмэд Росгвардием хэтщ, полицэм и подполковникщ, и анэ Людмилэ Ханты-Мансийск окружной администрацэм и къудамэм и унафэщIщ.

Ахэр къыщыхъуащ Къэрэшей-Черкесым и Нэгъуей районым хиубыдэ Икон-Хьэлъкъ къуажэм. Зыгъэпсэхугъуэ пIалъэ къэс я сабийхэр я гъусэу ахэр хьэщIапIэ къокIуэ. Сабийхэми я нэщ, я псэщ анэшхуэхэмрэ адэшхуэмрэ. Ахьмэд къыхэкIащ сабии 9 зыщIэса унагъуэшхуэм. Людмили зэшыпхъуиплI зэрыса унагъуэшхуэм къихъухьащ. Зэшыпхъухэм ящыщу тIур зэтIолъхуэныкъуэщ. Ахьмэдрэ Людмилэрэ хущIокъу я лъэпкъым и анэдэлъхубзэр, къыдекIуэкI хабзэхэмрэ зэхэтыкIэмрэ я бынхэм ирагъэщIэным. Аввалрэ Малычрэ ныбжьэгъу куэд щаIэщ хэку цIыкIум, гъэмахуэр щагъакIуэ къуажэ футбол джэгупIэм.

Авваль и ехъулIэныгъэхэм, ар Канадэм и хоккей клубым зэрыщыджэгум иригушхуэр къыдалъхуахэм я закъуэкъым, абы ироин Нэгъуей районри Икон-Хьэлъкъ къуажэри.

Дохъуэхъу Авваль дяпэкIи къызэрымыкIуэ спорт ехъулIэныгъэхэр зыIэригъэхьэну, мычэму текIуэныгъэ лъагапIэхэм дэкIыну.

**НАЙМАНОВЭ Раисэ**

Ныбжьэгъум и фэеплъу

# Зэш псори зы анэм къилъхукъым

Шахтерым и Махуэр щагъэлъапIэм техуэу Адыгэ-Хьэблэ къуажэм сыкIуат. ЦIыхухэр ирипсалъэт Москва мазэ бжыгъэ хъуауэ каскэкIэ теуэу дэс, гъущI гъуэгухэр зэхуэзыщI шахтерхэм, абыхэм ягъэлъэпIэн гуэри зэрамыIэжым. Абы хэту зыгуэрым жиIащ:

«Дэ шахтер бэлыхь диIэщ. Зэи слъэгъуакъым абы хэлъ нагъыщэхэм хуэдэ зыхэлъ, ар Цей Владимирщ, ветеранхэм я район советым щолажьэ».

Сэри сфIэгъэщIэгъуэн хъуащ иджырэ къэс ямылъэгъуа шахтер нагъыщэхэр зыхэлъ цIыхур. Зэман дэзмыгъэкIыу сыщIыхьащ советыр зыщIэс пэш цIыкIум. Абы щылажьэ лIитIыр — Кубеков Аджи-Муратрэ Мэзукъэбз Хьэмзэтрэ куэд щIауэ си нэIуасэт. Ещанэу ябгъэдэс урыс лIы лъахъшэр япэ дыдэт зэрыслъагъури, урысыбзэкIэ сэлам есхащ.

— АдыгэбзэкIэ епсалъэ, уэр нэхърэ нэхъыфIу ещIэ, — къызжиIащ Хьэмзэт.

Iэнкун сызэрыхъуар щилъагъум, езым ипэ зыкъригъэщри:

— Сэ сыурыс щхьэкIэ, Беслъэней сыщапIащ, Ленинград къраша сабийхэм сащыщщ, си адэр Цей Сэхьидщ, — къызжиIащ.

Зэтэкъым сэ Беслъэней щапIа сабийхэм я хъыбар зэрызэхэсхар, уеблэмэ сатетхыхьат абыхэм ящыщ ГъукIэ Фатимэ, Агъыржэнокъуэ Мусэ, Адзын Рэмэзан сымэ. Ленинград сыщыIэу «Ленинград эшалоныр» жэуэ Къардэн Хьэсэмбий итхам къытращIыкIа спектаклым сеплъат. Ар яублэн ипэкIэ зи цIэр ираIуэхэм яхэтт Цей Владимири. Ауэ и цIэр зэхэсха, и гуащIэдэкI ехъулIэныгъэхэм сыщыгъуазэ щхьэкIэ, езым зэи сыхуэзатэкъым, сепсэлъатэкъым.

МащIэкъым Цей Владимир тратхыхьар. Журналист Филиппенко Виктор итха тхылъым ар ихуащ. «Правдэри» хэтыжу абы и гугъу щащIащ республикэм къыщыдэкI газетхэми. Ауэ а псоми нэхъыбэу зи гугъу ящIар Ленинград сабийхэр адыгэ унагъуэхэм зэрапIар, бийм зэрыщахъумар, гуащIэдэкI гъуэгуанэ щыпкъэм зэрытрагъэхьаращ. Сэ мы тхыгъэм нэхъыбэу къыщызгъэлъэгъуэну сыхуейщ цIыху гъащIэр зэрыхъумрэ къызэдамылъхуахэр зэIыхьлы, зэш-зэшыпхъу зэрызэхуэхъумрэ.

СыткIэ ящIэнт Ленинград къалэ дахащэм дэс, насыпыфIэу псэу, щIалэ хъарзынищ зиIэ Ждановхэ Павелрэ Александрэрэ я щIалэ Владимир Кавказ жыжьэм щыIэ адыгэ къуажэм къуэ щащIыну, адыгэбзэр, адыгэ хабзэхэр къищтэну, Адыгэ-Хьэблэ щыщ ПэтI Нухь ипхъу Лалэ щхьэгъусэ хуэхъуну, унагъуэ хъарзынэ игъуэтыну? Абыхэм ялъэгъуакъым я къуэм и насыпыр, я куэщIым исакъым я къуэрылъхухэу Фатимэрэ Олегрэ, ялъэгъуакъым я къуэрылъхухэм я къуэрылъхужхэу Умаррэ Щамелрэ.

Павел зауэм хэкIуэдащ, Александрэрэ я щIалэ Мишэрэ гъаблэм ихьри Пискаревскэ кхъэм щыщIалъхьэжащ, и къуэш нэхъыжь Георгий сабий IыгъыпIэм гъаблэм щихьащ.

— Псори щылIэм сэ сыкъызэрелар сщIэкъым, — хощэтыкI Владимир.

Щхьэфэцыр зыгъэтэдж гъуэгуанэщ Беслъэней къуажэм къэсыху щIалэ цIыкIум къикIуар. Ладогэ гуэлым къызэпрашыху сабий мащIэкъым нэмыцэ топышэм псым щIигъэтIысыкIар. ГъущI гъуэгум къыщытехьами, тыншакъым. Сабийхэр зэрыс эшелоныр къыщагъэувыIэр, плIанэпэм щыдахуэжыр мащIэтэкъым, ахэр псом япэ яутIыпщын хуейуэ унафэ щыIэми.

— Сэ фронтым папщIэ шэ сошэр, уэ вагон нэщIхэр къыбошэкIри, итIани укъызодауэ, — ину гуоут фронтымкIэ пхыкIын хуей эшелоным и унафэщIыр.

— Вагон нэщIкIэ узэджэхэм Ленинград сабийхэр исщ, ахэр ажалым къегъэлын хуейщ, — жриIэт мыдрейм.

Абы жиIэр и фIэщ мыхъуу хьэлъэ зэрызэрашэ зы вагоным и бжэр Iуитхъауэ щытащ фронтым псынщIэу нэсыну хуейм.

Ажал мымащIэ зылъэгъуа, зауэм и нэщIэбжьэ зэхуэмыдэхэм пэщIэхуа лIыр илъэгъуам къыпигъэтIысыкIат. УазэкIуэцIырыплъу щхъуантIэ, уэд сабийхэр хъеиф къудейуэ зэхэлът.

— Сэлэтхэ, псынщIэу фи гъуэмылэхэр мыдэ къэфхь, сабийхэр гъаблэм ехь, — жиIэри эшелоным щIыгъу сэлэтхэм яхэгуоуат апщыгъуэм.

Мис апхуэдэ сабийхэт Беслъэней къынашэсар. Хуашия адыгэ хьэтыкъыр зымыгъэныщкIужыфт Жданов Владимири, Цейхэ я унагъуэм къыщихутам.

Тыншауэ жыпIэ хъунукъым Владимир и сабиигъуэри, щIалэгъуэри. Зауэ, зауэ нэужь илъэсхэр хэткIи гугъут, дэтхэнэ унагъуэмкIи хьэлъэт. Нэхъапэ анэ къыхуэхъуа Мэремхъан сымаджэ хъури, лIащ. Сэхьид и пхъуитI Лолэрэ Лейларэ, Владимир сымэ анэншэ хъуащ. Щхьэгъусэу Къантемырхэ япхъу Мацэ къыщишэжым, абыи зы хъыджэбз цIыкIу — Гуащэ къыздишат. Унагъуэм аргуэру къихъухьат Рэмэзан зыфIаща щIалэ.

Щымыхъунум деж зэрыхъум хуэдэу я гугъуехьыгъуэ дыдэм Сэхьид тракторым щIэхуэри фэбжь хихат. Абы къыкIэлъыкIуэу унагъуэм лIыуэ исыр Владимирти, еблэнэ классыр къызэриухыу лажьэу, унагъуэм щIэгъэкъуэн хуэхъуу хуежьащ.

— Хьэуэ, си щIалэ цIыкIу, уеджэн хуейщ, дэри зыгуэр дыхъунщ, — къыжриIащ адэм, еджакIуэ кIуэнуи унафэ быдэ къыхуищIащ.

Владимир къыхихащ горнэ техникумыр. Къиуха нэужь, Рязанскэ областым илъэситхукIэ щылэжьащ. Зы илъэс димыгъэкIыу отпуск къахуэкIуэт, къэкIуэху къэси:

— Владимир, дэри жьы дохъу, уи шыпхъухэри къыпхуэныкъуэщ мыбдеж, къэгъэзэж, — жраIэ зэпытт анэ-адэ хуэхъуахэм. Къигъэзэжащ, унагъуэ ищIащ. Шахтэ Iуэхухэм фIыуэ щыгъуазэ щIалэр Беслъэней къызэрекIуэлIэжар къыщащIэм, Ставрополь шахтоуправленэм и унафэщIхэр къыщIэлъэIуащ лэжьакIуэ яхуэкIуэну.

— КIуэ тIасэ, дэнэ ущыIэми удибынщ, дызыщомыгъэгъупщэ, — жраIащ апщыгъуэм, зыхуэныкъуэнухэр иратри, яутIыпщащ.

КъуэфIу, быныфIу къыщIэкIащ Владимир. Зы махуэ зыщигъэгъупщакъым и адэ-анэр, шыпхъухэр, и къуэш Рэмэзан. Дэгъуэу лажьэт, Цей унагъуэцIэр зэрихьэкIэрэ, Цей Сэхьид и цIэр лъагэу иIэтт, апхуэдэкъуэ зыпIа адэм и щхьэр фIыуэ иригъэлъагъужт.

Владимир къыхуагъэфащэ мастер, участкэм и унафэщI, инженер нэхъыщхьэ IэнатIэхэр. Къарууэ, лъэкIыныгъэу иIэр, заочнэу еджэурэ Ростов горнэ институтым къыщIиха щIэныгъэр зэрыщыту иритащ шахтэм и Iуэхур гъэкIуэтэным. Абы зэрыщылэжьа илъэс тIощIрэ пщIым шахтоуправленэр Урысей, СССР зэхьэзэхуэхэм зэкъым зэрыщытекIуар. ТекIуэху къэси и лэжьакIуэфIхэм къыхуагъэфащэт къэрал нагъыщэхэр. Владимир зэкIэлъыкIуэу кърат «Шахтер ЩIыхь» нагъыщищри. Апхуэдэ щIыхьрэ пщIэрэ зыхуащIауэ Ищхъэрэ Кавказым и шахтерхэм къахэкIар Владимир закъуэт.

1976 гъэм къыфIащ «Къэрэшей-Черкесым и мастер нэхъыфI» цIэр. Абы щIыгъуу кърат ВДНХ-м зэрыкIуэну путевкэ. АрщхьэкIэ лэжьыгъэр япэ иригъэщт, къыпэрыкIыфтэкъым, Москва кIуэну зэман къыхудэгъахуэтэкъым.

— Пенсэм сыкIуэн щыхъум, Ленинград сунэтIащ си тхылъхэм сыщIэупщIэну. Къэзгъуэтыжащ си анэр щылIэм си къуэшымрэ сэрэ сабий унэм дызышауэ щыта си анэшыпхъу Михайловэ Валентинэ Константиновнэ, — жеIэр Владимир. — Абы къызжиIэжащ псори, си анэм и кхъэр сигъэлъэгъуащ, си къуэшхэри си анэри хагъыхьащ Ленинград блокадэм хэкIуэдахэм я Фэеплъ тхылъым иратхахэм. Си пенсэр сызэрыхуей хъутэкъыми, си ленинград унэцIэр, адэцIэр къэсщтэжын хуей хъуащ. Абы къикIкъым сызыпIахэм, гъаблэм сыкъезыгъэлахэм, цIыху сызыщIахэм сайпцIыжауэ. Хьэуэ, ахэр фIы дыдэу слъагъу си анэ-адэу, шыпхъухэу, къуэшу къэнащ. Зэи сщыгъупщэнукъым Цейхэ, Беслъэней къуажэм сэ, урыс щIалэ цIыкIум, къысхуащIар…

Псалъэ дыгъэлкъым Владимир жиIэхэр. Абы хуабжьу псэ пыщIэныгъэшхуэ яхуиIэт и шыпхъухэм, и къуэш Рэмэзан.

НасыпыфIэу къыщIэкIащ щхьэгъусэкIи. Адыгэ унагъуэ зэтесым щапIа ПэтI Лалэ щхьэгъусэ къыхуэхъуащ, бынитI зэдапIащ — Олегрэ Фатимэрэ.

— Хьэуэ, зауэм насыпыншэ сыхуэщIакъым, Беслъэней къуажэм, Цейхэ я унагъуэм насыпыфIэ сыщыхъуащ, — къызжиIащ Владимир дыщызэбгъэдэкIыжым.

«Къызэдалъхуа псори зэш-зэшыпхъукъыми, къызэдамылъхуахэр зэш-зэшыпхъу зэхуохъу», — жаIэу зэхэпхынущ адыгэхэм. ХьэкъыпIэкIэ къызэдамылъхуами, гъащIэм зэш-зэшыпхъу ищIащ Цей Сэхьид и унагъуэм къихъухьа сабийхэр.

ЖыпIэ хъунущ Жданов-Цей Владимир гъащIэ гъуэгуанэ тэрэзрэ захуэрэ къикIуауэ. Къэралым, здапIа Беслъэней къуажэм, зыпIа унагъуэм я щIыхьыр игъэлъэхъшакъым. Пенсэм кIуа нэужьи, илъэсипщIкIэ шахтэм щылэжьэжащ.

Адыгэ-Хьэблэ къуажэр псэупIэ ищIа нэужьи къуагъ зищIакъым. Ветеранхэм я «Фэеплъ» тхылъыр зыгъэхьэзырахэм жыджэру яхэтащ. Районым и ветеранхэр зэдэарэзыуэ ар хахащ район советым и секретару. А пщэрылъри пылъхьэншэу игъэзэщIащ шахтер щIыхьыр лъагэу зыIэтыфа, гъащIэ гъуэгуанэ мытынш къэзыкIуа, лъэпкъитIми я къуэ щыпкъэ Владимир.

**ДАУР Жэхьфэр**



### Дохъуэхъу

*Зеикъуэ къуажэм щыщ*

## Аргун (Уэзрокъуэ) Iэминат Мусэ и пхъум

*илъэс 90 зэрырикъуамкIэ!*

*Уи гъащIэр дахэу,*
*уи дунейр махуэу,*
*Узыншагъэ быдэ уиIэу,*
*уи пщIэр лъагэу,*
*Берычэтыр уи Iэнэгум*
*зэи имыкIыу,*
*Уи лъэр жану,*
*гъащIэр уи щIэщыгъуэу,*
*Уи зы махуэр насыпищу,*
*уи махуищыр*
*насып мину,*
*Тхьэм куэдрэ*
*уигъэпсэу!*

*Уэзрокъуэхэ, къыдалъхуахэр, Iыхьлыхэр*

Урысейпсо зэхьэзэхуэ

**Ростуризмэр и дэIэпыкъуэгъуу, «Мастера гостеприимства» Урысейпсо зэхьэзэхуэм и лэжьыгъэр иригъэжьащ. Ар — «Россия-страна возможностей» зи фIэщыгъэцIэ президент проектым и зы Iыхьэщ.**

# Хабзэ зэрыхъуауэ

Зэхьэзэхуэм и финалым нэсынухэм лъэкIыныгъэфIхэр ягъуэтынущ. Ахэр зэхьэзэхуэм и грантхэм хущIэкъуфынущ, туризм къудамэм и компанэ лъэрыхьхэм щылэжьэнымкIэ, я IэщIагъэхэмрэ зэфIэкIхэмрэ щыхагъэхъуэнымкIэ гъуэгу ягъуэтынущ.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэгъуэм хэтынухэр лъэныкъуэгъазиплIым теухуауэ зэныкъуэкъунущ. Апхуэдэщ менеджер Iуэхум, туризм къудамэм деж хыхьэхэкI Iуэхур щызегъэкIуэным, туризмэм и къэкIуэнум теухуа зэхьэзэхуэхэр.

Абы хэтынкIэ хуитщ, лъэIу тхылъ къэзыта, балигъ ныбжьым нэса урысей цIыхухэр. Ахэр мы гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 5-м нэгъунэ щIатхэнущ.

**Ди корр.**

Дин

**Къэрэшей-Черкес Республикэм и ДУМ-м (Духовное Управление мусульман) и Президиумым и тхьэмадэ, муфтий БЕРДИЕВ хьэжы Исмэхьил и Iэпэрэ мыхъуррэкIэ щIэгъэбыда дэфтэрымкIэ фыщыдогъэгъуазэ мы гъэм нэщI мазэр щыщIидзэ, нэщI дыщикIыж махуэхэм, нэмэз щIыгъуэ, сэращ, хэщхьэжыгъуэ зэманым, муслъымэн къэс бытыру итынум, нэгъуэщIхэми.**

| Махухэхэр | Ушхэ хъунукъм, Пщэдджыжь нэмэзыр | Шэджагъуэ нэмэзыр | Ичынды нэмэзыр | Ахъшэм нэмэзыр (ушхэ хъунущ) | Жэщ нэмэзыр |
|---|---|---|---|---|---|
| мэлыжьыхьым и 2-м | 04:33 | 12:40 | 16:30 | 18:54 | 20:24 |
| 3-м | 04:30 | 12:40 | 16:30 | 18:55 | 20:25 |
| 4-м | 04:29 | 12:40 | 16:32 | 18:57 | 20:27 |
| 5-м | 04:28 | 12:40 | 16:32 | 18:58 | 20:28 |
| 6-м | 04:25 | 12:40 | 16:33 | 18:59 | 20:29 |
| 7-м | 04:20 | 12:40 | 16:35 | 19:00 | 20:30 |
| 8-м | 04:19 | 12:40 | 16:36 | 19:02 | 20:32 |
| 9-м | 04:17 | 12:40 | 16:37 | 19:03 | 20:33 |
| 10-м | 04:15 | 12:40 | 16:38 | 19:04 | 20:34 |
| 11-м | 04:13 | 12:40 | 16:39 | 19:05 | 20:35 |
| 12-м | 04:13 | 12:40 | 16:39 | 19:07 | 20:37 |
| 13-м | 04:12 | 12:40 | 16:40 | 19:08 | 20:38 |
| 14-м | 04:10 | 12:40 | 16:41 | 19:09 | 20:39 |
| 15-м | 04:08 | 12:40 | 16:42 | 19:10 | 20:40 |
| 16-м | 04:05 | 12:40 | 16:42 | 19:11 | 20:41 |
| 17-м | 04:03 | 12:40 | 16:43 | 19:12 | 20:42 |
| 18-м | 04:00 | 12:40 | 16:43 | 19:14 | 20:44 |
| 19-м | 03:57 | 12:40 | 16:43 | 19:15 | 20:45 |
| 20-м | 03:55 | 12:40 | 16:44 | 19:16 | 20:46 |
| Къады жэщхэр (Аль-Къадр) нэщI мазэм иужьрей махуи 10-м, зэпэмыбж бжыгъэм хеубыдэ | | | | | |
| 21-м | 03:53 | 12:40 | 16:45 | 19:17 | 20:47 |
| 22-м | 03:50 | 12:40 | 16:46 | 19:19 | 20:49 |
| 23-м | 03:48 | 12:40 | 16:48 | 19:20 | 20:50 |
| 24-м | 03:47 | 12:40 | 16:50 | 19:21 | 20:50 |
| 25-м | 03:45 | 12:40 | 16:52 | 19:22 | 20:52 |
| 26-м | 03:44 | 12:40 | 16:53 | 19:23 | 20:53 |
| 27-м | 03:43 | 12:40 | 16:55 | 19:24 | 20:54 |
| 28-м | 03:41 | 12:40 | 16:55 | 19:26 | 20:56 |
| 29-м | 03:39 | 12:40 | 16:56 | 19:27 | 20:57 |
| 30-м | 03:37 | 12:40 | 16:56 | 19:28 | 20:58 |
| накъыгъэм и 1-м | 03:35 | 12:40 | 16:56 | 19:29 | 20:59 |

**Мэлыжьыхьым (апрелым)** и 2-м — нэщI мазэм щIедзэ.

**Накъыгъэм (майм)** и 1-р — нэщI мазэм и иужьрей махуэщ

**Накъыгъэм** и 2-р — Хьид махуэщ. Жумыхьэ нэмэз Махуэщ. Ар пщэдджыжьым сыхьэтыр 8-м щIидзэнущ.

**«Фитр-р»** — соми 150-рэ, муслъымэн къэскIэ зыщхьэщитыкIыпхъэщ.

**«Фидья-р»** — сом 200. Ар къызытехуэр щхьэхуэщ: мылъку зиIэ, ауэ щхьэусыгъуэ гуэркIэ нэщI зымыIыгъыфахэращ. Апхуэдэхэм нэщI махуэу благъэкIам и пэбжу фидья ятын хуейщ. КъурIэным итщ: «Мыхъужын уз зиIэу, жыгъэм къыхэкIыу нэщI зымыIыгъыфхэм благъэкIа нэщI мазэр ирапшыныжыфынущ хуэныкъуэ, факъырэ игъашхэмэ». (2/184).

**ТIэрэуихь**. Iэбу Хьэнифэ и мэсхьэбым теткIэрэ, Къэрэшей-Черкес Республикэм и мэжджыт къэс рэкыхьэт 20 щащIын хуейщ. Щауал мазэм хэнэщIыхьыну хуейм махуи 6-кIэ нэщI иIыгъыну фIыщ.

**БЕРДИЕВ хьэжы Исмэхьил,**
**КъЧР-м и ДУМ-м и тхьэмадэ, муфтий**

Къэрэшей-Черкес Республикэр — илъэси 100

# Махуэшхуэм хуэфэщэн тыгъэ

Республикэм щыпсэу муслъымэнхэр илъэс куэд хъуауэ темыпыIэжу зыпэплъэ соборнэ мэжджытыр ухуэн яухащ. Лэжьыгъэу къэнэжар зы мащIэ гуэрэщ.



Мыхьэнэшхуэ зиIэ мы ухуэныгъэр апхуэдизымкIэ кIыхьлIыхь хъуащи, и къежьапIэ хъуамрэ нобэ здынэсамрэ нэхъ тегъэчынауэ утепсэлъыхьыну хуэфащэщ.

Жыжьэу узэIэбэкIыжмэ, республикэм и къалащхьэм мэжджыт щаухуэнымкIэ къадэIэпыкъуну Шэшэн Республикэм и Iэтащхьэм къигъэгугъами, ар здащIыну щIыпIэмкIэ зэгурымыIуэурэ, Iуэхур абыкIэ ягъэтIылъыжащ.

Ауэ къалэм иIэ купсэ мэжджытым муслъымэну екIуалIэм къайзэвэкIыу, цIыхуу щIэхуэр мащIэти, Iуэхур кърахьэжьэжыныр Iэмал зимыIэ щытыкIэу къанэт. Мэжджытым и проектыр 2000 гъэм ягъэхьэзырауэ щытащ. Ухуэныгъэм и лъабжьэр 2007 гъэм ягъэтIылъри, аргуэру илъэс куэдкIэ Iуэхур зэтеувыIащ. Псори зэкIуэлIэжу, зымыгъэбакъуэр ахъшэ, мылъку зэхуримыкъуныгъэрат.

КъЧР-м и Iэтащхьэу Темрезов Рэшид техьа нэужь, республикэм и къалащхьэм соборнэ мэжджыт щыухуэныр къалэн пажэу игъэуващ икIи 2011 гъэм и гъатхэм ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр ирагъэжьащ. ИджыкIэ мэжджытым и ухуэныгъэр зэнагъэсыпащ, нэхъри тегъэчынауэ жыпIэмэ къэнэжар и кIуэцI, и щIыб, Iэхэлъахэр, пщIантIэр зэгъэзэхуэжын, гъэдэхэнращ. Дауэ щымытми, соборнэ мэжджытыр мы гъэм, Къэрэшей-Черкес Республикэр илъэси 100 щрикъум хьэзыр хъунурэ и къару щызу лэжьэн щIидзэнущ.

— Мэжджытыр илъэс куэд хъуауэ доухуэ. Иджы, Алыхьым и шыкуркIэ, псори зэлъэщIэдгъыхьащ, къэнэжар мащIэ дыдэщ. Лэжьыгъэм и хьэлъапIэр хэдгъэщIащ. Мэжджыт кIуэцIыр хуабэу щытынущ, ищхьэ, илъащIэ къатхэм я лъэгухэр къэхуабэу зэрызэтегъэпсыхьам и фIыщIэкIэ. Тыркум щыщ, ислъам диным ехьэлIа тхыпхъэщIыпхъэхэр щIыныр зи IуэхущIафэ цIыху IэпщIэлъапщIэхэм лэжьыгъэм пащэ, мэжджыт кIуэцIыр ягъэщIэращIэ, — жеIэ Черкесск къалэм и Iимам Катчиев хьэжы Къазим.

Къинэмыщlауэ, мэжджыт пщIантIэри Iэхэлъахэри дахэрэ екIуу зэтрагъэпсыхьынущ. ПщIантIэм псыутхитI дагъэувэнущ, сабий утыку, зыгъэпсэхупIэ плIанэпэхэр къыщызэрагъэпэщынущ. Мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI лъэныкъуэми егупсысауэ йолэжь. Ар — мэжджытым къакIуэхэм я машинэ гъэувыпIэхэр къызэгъэпэщынращ.

Псори зэхэту мы дин IуэхущIапIэм метр зэбгъузэнатIэ миниплI и инагъщ. Зэ щIыхьэгъуэу цIыху минитху щIэхуэнущ. КъатитIрэ балконитIрэ мэхъу. Щхьэгъубжэ 220-м къагъэнэхунущ мэжджыт кIуэцIым и дэнэ къуапи. И кIуэцIым ущIэту, лъэгумрэ ищхьэмрэ я лъагагъыр метр 30, михьрэбым и лъагагъыр метр 12 мэхъу. Азэн джапIиплI хэтынущ, дэтхэнэми метр 52-рэ и лъагагъыу. Ахэр пщыхьэщхьэкIэ, жэщкIэ къагъэнэхунущи, мэжджытыр нэхъри зэщIэлыдэу теплъэ телъыджэ иIэнущ. Республикэм и соборнэ мэжджытыр Ищхъэрэ Кавказым и мэжджыт нэхъ уардитхум я сатырхэм хэувэнущ, Къэрэшей-Черкесым деж щынэхъ уардэ дыдэнущ. Ар автомобиль гъуэгубгъум зэрыIутым и фIыщIэкIэ, нэхъри цIыху екIуэлIапIэрэ дин зехьэпIэ цIэрыIуэрэ ищIыну гугъапIэ псори щыIэщ. Соборнэ мэжджытыр, шэч хэмылъу, къалэм и фащэ, и теплъэ дахэ, махуэщIышхуэм хуэфэщэн тыгъэ хъунущ.

Зыгъэ дызэпсалъэу, КъЧР-м и ДУМ-м и тхьэмадэ, муфтий Бердиев хьэжы Исмэхьил къыхигъэщат а гъэм Хьид, жэназы махуэщI нэмэзыр мэжджытыщIэм щрагъэкIуэкIынкIэ зэрыгугъэр. Ауэ апщыгъуэми соборнэ мэжджытыр хьэзыр хъуакъым. Догугъэ, икIи тхьэм ирещIи, муслъымэну республикэм щыпсэур поплъэ мы гъэм Хьид Махуэр мэжджытыщIэм щIэту тхьэлъэIукIэ кърагъэхьэну.

Узыншэрэ бэIутIэIуншэу, хьэлэбэлыкъыу къекIуэкIыр ужьыхыжарэ зэгъэзэхуа хъуауэ Тхьэм дытригъыхьэ!

**ТУАРШЫ Ирэ.**
**Сурэтыр**
**ТУАРШЫ Беслъэн**
**трихащ**

Щыгъуэ

ГущIыхьэ тщыхъуащ УФ-м и Лъэпкъ гвардием и ЦЛРР (лицензэ-хуитзыщI лэжьыгъэхэмкIэ Купсэ) къудамэу Къэрэшей-Черкес Республикэм щыIэм и унафэщI Чомаев Эдуард и адэ, КъЧР-м щIыхь зиIэ и журналист Мягковэ Иринэ и пщыжь

**Ансар Ибрэхьим и къуэр**

дунейм зэрехыжар. Гуауэр ядыдогуэш.

**«Абазашта», «День республики», «Къарачай», «Ногай давысы», «Черкес хэку» газетхэм я редакцэхэм я лэжьакIуэхэр**

Черкес хакIу
@CHERKESHAKU
Телеграм каналыр

**Черкес хэку**
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru

369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ГУНДЭХЪУ Аня, жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ, отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Жантемыр Зураб.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
[P] — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2953-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Газетыр къызытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.

ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор ЛЫХЬ Тимур,
корректор МУССЭХЭ Зуридэ,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ДЖЫДЖИЙ Динэ